

UYE VASINGAZVIZIVE



Maita henyu, Hama Neville. Ishe vakuropafadzei. Ndapinda mune chimwe chinhu, handina here? Ndinoda kutenda Ishe, zvakanakisa, nokupindira pamwanakomana waHama Caps. Zvangoitika kuti ino ndiyo nguva diki yandadzoka kuIndiana. Ndinoziva kuti havasi kurekodha izvi; ndinofungidzira kuti havasi kudaro. Uye saka zvino handisi kuona munhu imomo, saka ivo...Ndakadzoka kuti ndizovhima tsindi. Uye saka ndinofunga Charlie achazotsungirira neni, iye naNellie, neavo zasi kuKentucky, zvino kwezuya rimwe kana maviri, kuzovhima tsindi. Saka, ndingasva ndapotsa zvimwe, chimwe chinhu chekuvaraidza, zvadaro ndozouya kuno pa...zvichida pakati paNyamavhuvhu, ndoenda kunovhima tsindi naCharlie naBanks, nevamwe vese. Chinoita setsika kwandiri. Zvino saka ndakatora Joe...

² Pataiva kuno imwe nguva, munhu wese akarwara, kushanduka kubva kumamiriro ekunze aya anopisa kudzika ku—kumamiriro anotonhorera amuinawo kuno. Ndinoziva munofunga kuti uku hakusi kutonhorera, asi chingombouyai kuArizona kamwe. Kwaiva zana nepfumbamwe mumumvuri pandakabva mamwe mangwanani; zvino pedyo nepakati peusiku, manheru, paya mhelo inotonhorera inodzika kubva kumakomo, kwaingova kuchiri makumi mapfumbamwe nematanhatu. Uh-huh. Munoono, pakati peusiku ipapo, paya mhelo inotonhorera yaidzika. Zvino saka i...Nzvimbo iyoyo yakanaka munguva yechando, asi ndeyemarize nemadzvinu munguva yezhizha, kwete vanhu. Kunyange mhuka dzose dzinotizira kumakomo. Hadzizvikwanise.

³ Zvino ndanga ndiri kunze ndichinopfura nepfuti yangu. Ini...Neimwe nzira ndinoda kungokuudzai pamusoro pemukomana mudiki wekwaCapps. Zvino ndikati...Zvino, Joe, ndichatongomupa pfuti, nokuti anogona kupfura kundipfuura. Takanga tapedza kupfura nayo, uye ini—ini ndaipfura matakai aiva mayadhi makumi mashanu kubva pandaiva. Ini ndikati kuna—kuna Joe...Joe akati, “Baba, ndinotenda kuti ndinokwanisa kuzviita.” Kamuchinda kadiki aka kanga kachimbotemwa nemusoro. Ndakanga ndichimunamatira, aine fivhiri yakakwira kwazvo. Akaenda kunopfura neni, uye ini...

⁴ Chero muromo zvawo we two-over-ten wepfuti yetwenty-two, inopesana nemutsara wayo wekupfura zvakananga pamayadhi makumi maviri nemashanu; ndizvo zvimwe chete zvakare, pamakumi mashanu, kana iri two-over-ten. Saka zvadaro...Zvino ndakanga ndaipfura pamayadhi makumi maviri nemashanu. Uye saka ndaiva nemataki maviri ndokuaisa, zvino kana Joe asina kupfura matakai maviri ese iwayo! Ndanga

ndisisina mataki, saka ndakaisa kachidimbu kadiki kehangaiwa yevhu yakanga yapamurwa ipapo, dzinoshandiswa nevapfuri vemiteyo, yakangoda kufara chidimbu chimwe chete kubva muzvina cheinchi, ndokuchiisa pamayadhi makumi mashanu, zvino akachidimbura nepakati kuita zviviri. Zvino chioneso chaiva chakagadzirirwa meso angu, makore mashoma kupfuura zvaaiva. Saka akati, “Munozivei? Ndinofanira kupfuura ndichiudza Billy kuti aregedze kundijairira kubvira zvino kuenda mberi.” Maona? [Hama Branham neungano vanoseka—Mupepeti.]

⁵ Saka, saka ndakati, “Zvakanaka, rega ndikuudze,” ndikati, “ngatidzikei zasi tinoratidza Hama Norman izvozvo.”

⁶ Ndikati, “Joe, pamakundano pasi pese, handina basa kuti angave ani, hapana munhu...” Zvino, mataki haana kunge akaiswa neparutivi, aiva akanyatsopinziwa zvakananga. Uye chidimbu ichocho, chisingambopfuura, ndinofunga, chidimbu chimwe chete kubva muzvina cheinchi, uye chakakora chidimbu chimwe chete kubva mugumi nenhanhatu, uye chidimbu chimwe chete kubva muzvina cheinchi kuenda mudenga, akachidambura nepakati kuita zvimeu zviviri, kubva pakareba mayadhi makumi mashanu. Ndikati, “Hapana munhu panyika angadai akapfura zviri nane. Vaikwanisa, nyanzvi, vaikwanisa kuita chinhu chimwe chetecho, asi hawaikwanisa kupfura katatu kanopfuura uku.” Mataki, haana kubhenda, ringori buri nepakati pebepa umo makapinda taki. Zvino ndikati, “Hapana munhu angadai akapfura zviri—zviri nane.” Zvakanaka. Ndinofunga kuti kutema kwemusoro wake kwakabva kwamusiya pakarepo.

⁷ Zvino ndakati, “Zvakanaka, ngatiende tinoratidza izvi kuna Hama Norman,” avo vanoshandira *Field And Stream*, nzvimbo yaHama Tony Stromei yezvinhu zvevitambo.

⁸ Akati, “Ngatipfuurei nekwaBilly kutanga.” Akati, “Ndi—ndinongoda kutaurira Bubby chimwe chinhu.” Maona? Uye, chaizvo, mukoma wake haana kumbobvira anyatsogona zvakadaro. Saka akati, “Tinopfuura neko kutanga.”

⁹ Zvino ndichingosvika pamukova, Billy akanga achiri muhanzu dzake dzekurarisa. Zvino akati...Takaenda runghanangwana, nokuti kunopisisa. Saka iye akati...Foni yakarira. Ndikati...Akaita sekunditarisa sezvizvi. Ndikati, “Pamwe ifoni yeari kurwara.” Zvino vaiva Hama Capps kuitira mukomana wavo, aiva muimba yekuvhiyiwa ipapo, neperitonitis uye yakamirirwa. Uye iye zvino vandiudza kuti mukomana wavo ari kupora zvakananyatsa, kunaka.

¹⁰ Saka, munooona kuti Mwari vakazviita sei, kunyange nemuinzwi remukomana mudiki iyeye, Joe? Panzvimbo pekuenda kuna Hama Norman, vaigona kunge vasipo, nekuuya. Zvino Hama Capps neni takabatana pamwe chete. Handisi

kuti minamoto yedu ndiyo yakazviita, asi zvakareva chimwe chinhu kwavari kuti tibatane saizvozvo. Uye, chaizvoizvo, ndizvo izvo. . . Pauno—unofanira kuva nekutenda mune zvauro kuita. Maona? Uye, izvozvo, kutenda kwake kwekudana, uye Billy aiva. . .

¹¹ Vaiisa mari. Iye akati, “Iyi inofanira kunge iri nhare yenzvimbo iri kure kwazvo,” akati, “aiisa ingada kusvika madhora mashanu echenji, mune yenhatu. . . kuitira foni yemaminitsi matatu.” Zvino ndakafunga kuti zvichida yaizenge ichibva kuNew York kana kubva kunze kune chimwe chezvitsuwa kana chimwe chinhu. Asi vakafona nhare yemunhu mumwe kune mumwe, kuti vabate Billy kunze kwaLoyce, munoono, uye ndizvo zvakavadhurira kuti vadaro.

¹² Uye zvino mukomana ari kupora. Hama Capps vakati chiremba akamupa tariro shoma-shoma yekuti aizobuda mazviri, munoono, kubva paoparesheni. Zvino tinotenda Mwari mangwanani ano nokuda kweizvi, ndinofara zvikuru nekuda kwazvo.

¹³ Zvino, tasvika, kwava kuda kuyedza mangwanani ano, uye ndakwanisa kurara kwemaawa angaita matatu, uye—uye ndakaneta kwazvo. Asi apo kereke. . . nguva yekuuya kuchechi payakwana, zvino, ndauya.

¹⁴ Zvino Ishe vachitendera, zvino ndinofanira kuenda kuKentucky, sezvandataura. Uye ndakavimbisa kutaura imwe Svondo pandinenge ndadzoka kuno, saka ndinotofanira kuiita Svondo ino iri kuuya, nekuti inotevera ndichange. . . ndinofanira kudzokera. Nekuti ndiri kukwidza zvakare, kumusoro kuCanada. Saka zviri nane ndi—ndizviite musi weSvondo unotevera, zvino Svondo iri kutevera mangwanani.

¹⁵ Zvino Hama Neville vati, “Madii mangoenda uko kunomhoresa vanhu, nekutaura navo kwemaminitsi mashoma?”

¹⁶ Ndikati, “Hama Neville, handina kana kumbovhura Bhaibheri rangu, potse.” Ndikati, “Ini. . .”

¹⁷ Ivo vakati, “Zvakanaka, endai munotaura chimwe chinhu kwavari.” Uye, Hanzvadzi Neville, ha—ha—handizive kuti munozviita sei. Munhu anonyengetedza kwazvo. Asi zvakadaro. . .

¹⁸ Handiwane mukana wekutaura izvi kana nzvimbo ino yakazara, nekumanikidzana, nezvese, asi ndinotenda Mwari chose nemufudzi akaita seHama Orman Neville. Vakatendeka, nekutendeseka kwese kwavangambova, kuChikonzero, uye haumbovanzwa vachigunun’una. Ndinogara kumashure uko. . . Ndava nehurukuro yakanaka kwehafu yeawa navo pandanga ndichirofapadzwa naHama Mann, saka ndichavaudza zvimwe pamusoro pazvo tasvika kuColorado gore rino. Saka patanga tiri kunakidzwa nemharidzo yavo, saka ndava nenhaurirano yakanaka naHama Neville. Ndikati, “Handitomboudze vanhu

pamusoro pemufudzi wedu akaisvonaka.” Ndikati, “Vanhu vari kukubatai zvakanaka here?”

Zvikanzi, “Hazvingambova nane kudarika zvazviri.”

Uye ndikati, “Zvakanaka, ndizvo zvandiri kufarira kunzwa.”

¹⁹ Kana mufudzi akagutsikana, uye vanhu vakagutsikana, zvinogadzira kereke yakaisvonaka, zvino Mwari vanogutsikana. Zvino ndinofunga, kuvaona vakagutsikana pamwe chete, kunyanya muzuva rino reMharidzo yatakatakura, ndinofunga kuti zvinoratidza kunderera mberi kweMharidzo nevanhu uye naMwari. Maona?

²⁰ Zvino ndinotenda chose nokuda kwaHama Neville, nemudzimai wavo akanaka pamwe nemhuri. Uye ndinonamata kuti Mwari vavachengete vakatendeka kwaVari nekuChikonzero. Uye kana zvichiVafadza, dai tikange takamira pano mutabhenakeri Ishe Jesu pavanotivinga, munoona, kuzotitora paKubvutwa. Tinotarisa kuti tese takwegura, Hama Neville, zvekuti mumwe anenge aine rumwe ruoko rwakambundira mumwe, zvino takamirapo nemidonzvo yedu, tichiri kungoedza kubatirira. Maona? “Zvadaro tichashandurwa, kamwe-kamwe, pakubwaira kweziso.”

Zvino hanzu idzi dzenyama dzichawa,
Tosimuka kuzogamuchira mubairo
wekusingaperi,
Nokudanidzira tichipfuura nemumhepo,
“Chisarai, chisarai,” nguva inotapira
yekunamata.

Tasimuka zvino.

²¹ Tanzwa pamusoro pekupodzwa kwaHama Coomers naShe, uye tinotenda zvikuru nekuda kwazvo. Zvinhu zvakawanda. Saka ndinofara zvikuru kuva pano mangwani ano. Zvino ndafunga, panzvimbo pe. . .

²² Ndinogara ndichiuya pano nemumwe musoro wenyaya, nekutaura. Ndafunga kuti ndichango—ndichangouya mangwanani ano. Zvino ndikati, “Hama Neville, ndichatarisa nguva chaizvo, zvichida ndorega vanhu vachibuda nenguva, ndongotaura nemi kubva pamoyo pangu, kwemaminiti mashoma; zvinongori zvinhu, zvatinaivo. . . Kwete, havasi kuitepa kana chimwe chinhu, saka tichangova nekuyanana sezvo pangori nevanhu vepakereke pano, maona, isu chete pamwe chete.”

Saka ngatinamatei.

²³ Jesu anodikanwa, tinoKutendai chose nekuda kwemukana watinawo wekuungana pamwe chete pano. Uye, o, pandatarisa patabhenakeri ino nhasi rungwanangwana, pakati peusiku

papfuura, ndichipfuura, ndafunga pamusoro pekumira kwaMakaita nayo.

²⁴ Zvino ndinofunga pamusoro pechidziva chidiki chaiva pano, nemasora makuru akamira, chaipo nechepane purupiti ino. Sekamukomana kadiki, nda—ndakamira pano. VaIngram vakati tinokwanisa kuva nenzvimbo ino nemari shomanani, tofanobhadhara chimwe chinhu; zvino pasina mari, pasina chekubatisa, zvakare pasina chekupa, asi kungoedza. Kuti iyo, kareko, kukosha kwayo kwese kwaidiwa mari inopfuura zvishoma zviuru zviviri zvemadhora; nemakore makumi maviri kuti tiibhadharire.

²⁵ Uye zvino, Ishe, itarisei zvino! Zvino payakanga ichiri muhudiki hwayo, ichiri yakagara mugomba pano, mvura ichiyerera kupinda mairi; kuti Makativimbisa sei, neShoko: “Ini Jehovha ndakaidyara, Ndichaidiridzira siku nesikati, pada mumwe angaidzura kubva mumaoko aNgu.”

²⁶ Panguva imwe chete, vanhu vakati, “Mukati memwedzi mitanhatu, ichaitwa garaji.”

²⁷ Asi mazvirokwazvo zviuru zvemweya yakawana Kristu pano paartari. Uye tabhenakeri, nzvimbo yekubhabhatidzira yakagara. . . Vanhu vakabhabhatidzwa nemuZita raTenzi Jesu; vachidana paZita raKe, vachigeza zviwi zvavo. Mazana ezvirema, vanotambudzwa, mapofu, vakaoma mitezo, mhetamakumbo, vakadyiwa nekenza, vakafamba kubva papuratifomu ino; vakapinda, vachifa, varume nevakadzi, vakomana nevasikana, uye ndokubuda kunorarama hupenyu hutsva, vave nenyama itsva mumitumbi yavo, nekufamba zvakare; vachisiya mahwiricheya avo, madondoro, nezvakadaro. O Mwari, makore makumi matatu ya ekushumira!

²⁸ Baba, ndinorangarira mangwanani atakaisa dombo repakona. Zvino Makapa chiratidzo mhiriko, muchiratidza nzvimbo iyoyo, yakazara nekuvharika, kona yakaisvonaka; nda—ndaiziva kuti izvozvo hazvaimbokundika. Saka ndinoKutendai nekuda kwezvinhu zvese izvi.

²⁹ Vazhinji vavo vakarwa kurwa kwakanaka, ndokupedza mujawo, nokuchengeta Kutenda; vakarara mhiri, vakamirira, vakazorora zvino kubva kumabasa avo, uye mabasa avo achivatevera; vakamirira nguva kuti hwamanda irire, uye vokwakuka zvakare kuhupenyu hutsva, mutumbi mutsva. Vazhinji vavo vakwegura uye vakazunguzwa, vamwe vadiki, vamwe vezera repakati nepakati, nevakadaro. Asi Zita reNyu ngarirumbidzwe kuitira vese.

³⁰ Zvino takamira pano zvino, pamberi peva—pevapenyu nevakafa. Ndinonamata kuti Muzodze maShoko eNyu mangwanani ano. Handizive chimwe chete chekutaura, asi ndinonamata kuti Muchapa izvozvo, izvo zvaMagara muchiita, Ishe.

³¹ Ropafadzai mufudzi wedu, Hama Neville, mudzimai wavo. Ropafadzai matirastii, bhodhi remadhikoni, nhengo yese yemutumbi. Dai, pamwe chete, tararama saizvozvo muhupenyu huno, kuitira kuti muhupenyu hunotevera tichava neHupenyu Husingaperi.

³² Tibatsireiwo mangwanani ano kutora kugadziriswa kubva kuMweya neShoko, kuitira kuti tizvigadzire patiri kufamba kubva pamukova mangwanani ano, takatsunga mumoyo yedu kurarama hupenyu huri nane kupfuura hwatakamborarama munguva yafuura. Tazvikumbira nemuZita raJesu. Amenii.

³³ Zvino, nda—ndangovhura Bhaibheri pano, uye zvangoitika kuti maminiti mashoma apfuura. Ndiri muna Zvakazarurwa 3, saka ndichangoverenga pano, pa—paMharidzo kuKereke yeRaodhokia.

³⁴ Zvino ndinoda kuzivisawo, zvakare, Hama Neville vanga vachingondiudza; Hama Parnell, zvangoitika kuti ndatarisa zasi ndokuvaona vakagara pano, vari mu—murumutsiriro, rutivi rwuno rweMemphis. Pa—pa... chero mumwe wenyu anoziva pane Wimpy yakare, paimbova nechimhozi chemahamubhega, vanebo tende rakaiswa ipapo, kuedza kuuza goho nekuwana kana paine vakarasika kunze ikoko vakatemerwa kuhupenyu, vavangawana kuna Kristu kubudikidza neshumiro yavo. Zvino vaivhara kuitira Svondo, nokuda kwemasevhisi ari kuitirwa pano patabhenakeri, uye—uye kutendeka chose kwehama. Saka tinoda kuti muzive kuti shumiro dzichavhurwa musi weMuvhuro manheru unotevera, vhiki inotevera. Zvino ndinoziva mese makakokwa nemufaro kuzonzwa Hama Parnell vachiunza mharidzo yavo yerudo rwaKristu.

³⁵ Uye zvino ngativerengei kubva muna Zvakazarurwa chitsauko 3, chikamu chete, kuitira kuti titi tinoverenga Bhaibheri. Nokuti, zvandingataura zvinogona kukundika, asi zvaAnotaura hazvikundike. Zvino handizive pekutangira, zvekuita, kwekuenda, asi ndiri kungoverenga Zera reKereke reRaodhikia.

*...Nyorera kumutumwa wekereke iri ...
paRaodhikia; Zvanzi naAmenii, chapupu chakatendeka
chazvokwadi, uye kutanga kwezvisikwa zvaMwari;*

*Ndinoziva mabasa ako, ...hautonhori kana kupisa:
dai... uchitonhora kana kupisa.*

*Zvino zvaunodziya, usingatonhori kana kupisa,
ndichakusvipa kubva mumuromo wangu.*

*Nokuti unoti, ndakapfuma, ndakapfumiswa,
handishaiwe chinhu; usingazive kuti ndiwe une
urombo, ... wakasuwa, ... uri urombo, ... nebofu, ...
usina chekufuka:*

Ndinokupa kuti utenge kwandiri ndarama yakaidzwa nemoto, kuti uve nepfuma; . . . nguwo chena, kuitira kuti uzvifukidze, nyadzi dzako dsekusafuka kwako dzirege kuonekwa; nechizoro chameso kuti uzore kumeso ako, uone.

Vese vandinoda, ndinovatsiura nekuvarova: naizvozvo shingaira, utendeuke.

36 Munoziva, pamwe panhu imomo, pandaiverenga, ini . . . kana mukandiregerera kweminiti, nda—ndawana imwe nzvimbo yandinakidza, handichaziva kuti ndepapi chaipo zvino. Heino iyi iri pano.

. . . usingazive kuti iwe . . . une urombo, . . . wakasuwa, . . . murombo, . . . bofu, . . . usina chekufuka:

37 Oh, ini zvangu, ndizvo sezvakaita mufanakiso wekereke yanhasi! Zvino, iyo, ndi—ndinofunga kuti zera iroro rekereke pano, ratiri kutaura nezvaro . . . Hongu, ndine zera rekereke riri kuuya zvino mumabhuku. Asi nekuti iZera reKereke yeRaodhikia ratiri mariri, ngatitarisei mamiriro ezvinhu.

38 Handisi kuda kutora musoro wenyaya kana chimwe chinhu, nokuti hatisi . . . kungotaura takadekara, tichiona zvekutaura pamusoro pechero Ishe zvavanotitungamira kuti tiite, asi chimwe chinhu chingatibatsira.

39 Ngatifungei pamusoro peZera reKereke yeRaodhikia nechinhano charo nhasi. Sokuziva kwandinako, handione chinhu chingamisa, panguva ino, Kuuya kwaIshe Jesu, kunze kwekugadzirira kweKereke yaKe. Ndinofunga kuti chimwe che—chezviporofita . . .

40 Nezuro, tichiuya mumotokari, takaityaira mumazuva maviri, kubva kuTucson, kusvika kuno, mamaera zviuru zviviri, Billy neni. Uye saka isu, zvino, hatina kumbotyora mitemo yekumhanya pamugwagwa. Takaramba tichienderana nawo. Ndakagara ipapo, kana ari kutyaira, zvino ini—ini ndakakunga—ndakakunga zvi bhakera zvangu sechife fe chakakokwa. Ndakamuona ave kupfuurira. Ndikati, “Mira zvishoma, mukomana.”

Zvino, tinoudzwa, “Ipa kuna Kesari zviriviri zvaKesari.”

41 Zvadaro takasvika muno usiku hwapfuura, kamusikana kadiki kakarara pamugwagwa, kane makore angaita matatu; amai vafa vari mhiri mugorongwa. Mumwe mukomana anga akadhakwa, achibva kuR.O.T.C., ane makore gumi nemasere ekuberekwa, achityaira mamaera zana nemakumi maviri paawa, kuruboshwe rwenzira, ndokuuraya. Zvino ndinofunga kuti iye aifawo, zvakare. Zvino maikwanisa kuona zvazviri.

“Ipa kuna Kesari zviriviri zvaKesari.”

42 Vanhu vasine mhaka vachifa. Musikana mudiki ane makore matatu akarasikirwa nehupenyu hwake, nekuda kwemumwe

musoja akadhakwa, munoona, achityaira mamaera zana nemakumi maviri paawa, zvinofungidzirwa, kurutivi rusiriro rwemugwagwa. Achibva kumusoro kwechikomo, akamhanya achidzika, ndokuvauraira ipapo vose pamwe chete. Ini... Akanga ari kufawo, zvakare. Saka zvadaro munogona kuona, kunyange avo vasina mhosva vaiita...

⁴³ Zvino mukomana iyeye ane mhosva yehumhondi. Maona? Ndinofunga kuti munhu akabatwa ari pamugwagwa, achinwa, anofanira kupiwa makore gumi, akakwana, nekuda kwekusakwana...kuuraya kwafanofungwa; munhu upi zvake, nekuti iye ango...munhu upi zvake.

⁴⁴ Isu, hapana chakanaka chatinomboita nezvematongerwo enyika. Zvakaora. Pfungwa yaMwari yekuva namambo, mambo akarurama, yakanaka. Asi zvematongerwo enyika zvinongozviwarira, unogona kungotenga nzira yako kubva mune chinhu chipi zvacho; kubirira, kunyepa, kuba, zvimwe zvese. Sezvandakataura Svondo shoma dzapfuura: zvino tarirai pamava, munoona, hapana kunze kwehobho yezvinhu zvisina kutwasuka. Asi mambo akarurama anogona kugadzira mitemo yake ega. Zvino unogona kuuraya munhu; kana uchiziva kugona zvematongerwo, zvakanonaka, unobuda mairi. Maona? Zvino saka, zviriri, izvo—izvo...

⁴⁵ Gutsaruzhinji ipfungwa yakanaka, asi haishande. Sezvakangoita communism, zvinhu zvese ndezvemunhu wese; zvinoita sezvakanaka, asi hazvishande. Kwete. Iyo...Nzira yaMwari yekuva namambo, saDhavhidha, yaiva yakanaka, uye une pfungwa imwe chete yamunounganira. Semutungamiri mumwe chete neboka remasekwe, kana zvakadaro, haugone kutora maviri kana matatu awo. Zvadaro, woavhanganisa ese pamwe chete, unouya nemhando ipi zvayo yepfungwa.

⁴⁶ Saka tinoona zvinhano, nhasi, zvakagadzirira Kuuya kwaShe.

⁴⁷ Asi, paya Hama Neville neni, nedzimwe hama dzese idzi dziri kuedza kufudza makwayi, ndine chimwe chinhu mupfungwa dzangu zvino, chauya, chatinokwanisa kutaura nezvacho.

⁴⁸ Ndechokuti, ndakawana tsamba pane rimwe zuva kubva kumudzimai akaisvonaka. Handina kumboiwana; yakauya kubudikidza nemumwe munhu. Zvino ainyatsa kundidambura-dambura muzvidimbu, kana kuti aiedza. Aiti, "Makambobvira here... Ko imi veChristian Business Men hapana zvamunogona kuita here kuti mumise Hama Branham?" Hanzu, "Nekuti vava nebhuku iri zvino rinonzi *Zera ReKereke ReRaodhikia*, riri kubuditsa zvimwe zvakare." Akati, "Vari kungobvarura dzidziso dzechipentekosti muzvidimbu." Akati, "Iye zvino vave kuti chiratidzo chekutanga hachisi chekutura nendimi." Ndokuti, "Zvadaro, ari kupesana nemadzimai anoparidza." Zvino uyu aiva muparidzi wechidzimai. Uye vakomana vake, vamwe

veshamwari dzakaisvonakisa dzandinadzo panyika. Iye... Vamwe veshamwari dzangu dzepedyo dzandinadzo. Uye akati, “Zvino. . .”

⁴⁹ Zvino murume uyu nemudzimai, ndaidya svusvuro yamangwanani navo; vakati, “Hama Branham, tarirai izvi. Mungazvifunga here?” ndokubuditsa tsamba.

Ndikati, “Zvakanaka, hanzvadzi, haatongonzwisisa.”

⁵⁰ Vakomana vakandiudza kuti amai vavo vaiva muparidzi wechidzimai, uye havawirirane neMharidzo.

⁵¹ Uye zvino vanoti pano, vakati, “Zvino vakati, ‘Madzimai haafanire kuva nesimba pamusoro pevarume.’” Vakati, “Ko Phebe muBhaibheri, mubatsiri waPauro?”

⁵² Zvirokwazvo, aiva mutengesi wezvinhu. Uye Pauro akabvunza vanhu. . . Munofunga kuti Pauro angati, “Madzimai ngaanyarare mumachechi, vasingatenderwi kutaura,” uye otendeuka oti, “Zvino, Phebe, mubatsiri wangu muEvhangeri, ari kuzoparidza husiku hushoma”? Handiti, aitozopesana neshoko rake pachake. Maona?

⁵³ Uye akati, zvadaro, kuzvipedzisa (ndinotenda aiva Estere, mumwe wevatongi muBhaibheri.), akati, “Mudzimai aiva mutongi muBhaibheri. Kana risiri simba pamusoro pevarume!”

⁵⁴ Uye muzvinabhizimu uyu akapodzwa pano chaipo muhechi nguva isakareba yapfuura, akati. . . Zvino, mudzimai wake akati, “Hama Branham, izvozvo zvinogara zvichindinetsa.”

Ndikati, “Sei, hanzvadzi, ko izvozvo zvingakunetsai chirudzii?”

Akati, “Zvakanaka, heuno mudzimai mutongi.”

⁵⁵ Ndikati, “Ndezvematongerwe, kwete kereke. Izvozvo hazvinei nechekuita nekereke.”

⁵⁶ Pauro akati, “Ngavave vanoteerera, sezvinorehwa nemurawu.” Zvino murawu haugone kuti mudzimai aite muprisita; haugone. Hamusati mamboona muprisita mukuru wechidzimai. Hamusati mamboona muprisita wechidzimai, kupi zvako muBhaibheri. Hamusati mamboona muparidzi wechidzimai, muBhaibheri. Zvirokwazvo.

⁵⁷ Vamwe vavo vaiva vaporofitakadzi, nezvakanadaro; Miriami nevamwe vakasiyana-siyana. Zvino Estere. . . Mumwe wavo aiva mutongi weIsraeri. Dzimwe nguva vainge vari vanamambokadzi pamusoro pavo, zvichienda zvakadaro, mambo namambokadzi. Paifa mambo, mambokadzi aifanira kutora chinzvimbo chake kusvikira vasarudza mumwe mambo, nezvakanadaro.

⁵⁸ Ku—kuTucson, Arizona, tine mutongi wemhosva wechidzimai muguta ikoko. Ndokusaka guta racho rakasviba. Uye tava ne. . . Mukadzi haana chikonzero chekunge ari mune

zvematongerwo enyika. Haana chikonzero chekuva mu...aine hutungamiri muchechi.

⁵⁹ Nzvimbo yake ndimambokadzi wemurume kumba. Kunze kwaizvozvo, hapana chaainacho. Uye tinoziva izvozvo kuva Chokwadi. Haumbowana...Ndinoziva kuti zvinoita sezvechinyakare, asi ndine mungava.

⁶⁰ Uye ndinoziva kuti, kana ndaenda kubva panyika pano, matepi iwayo nemabhuku achange achirarama, uye vazhinji venyu vana vadiki muchaona, mumazuva ari kuuya, kuti ichi iChokwadi chaicho, nekuti ndinozvitauro nemuZita raJehovha.

⁶¹ Zvino, tinoshamisika sei mudzimai, ari mudzimai akanaka, uye akaunza panyika pano nemurume wake akatendeka, murume akanaka, vamwe vevakomana vakanakisisa vandati ndambosangana navo, uye varume, vandakasangana navo. Uye nekungokurumidza, pavakangonzwa Mharidzo, vakazvipira kwaIri, zvakazara. Zvino, izvozvo zvinongouya nekufanogadzwa, ndiyo nzira yega yazvinogona kuuya nayo.

⁶² Zvino, mubvunzo ndewekuti, pano. Ndanga ndiri kufunga kuti, munoono, zvino sei Ishe vanga vachindidzosa kuno. “Uye kuzviziva, kuziva...Vasingazvizive; hauna kusimira, wakasuya, une nhamo, bofu, uye usingazvizive.”

⁶³ Ndisati ndasvika ipapo, ndingangopa pfupiso yezvandakataura mazuva mashoma apfuura, pano muMharidzo ye, ndinotenda yaiva, *Mwari WeNyika Ino*; akapofomadza meso evanhu, kuitira kuti vanyatsonamata dhiyabhorosi mushumiro dzezvinamato. Mese makaiwana here? Mese makainzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

⁶⁴ Uye zvino muMharidzo imwe chete iyoyo, ndakaunza musoro wenyaya, wekuti, mudzimai akapfeka hembe dzisina kudzikama, zvinonyadzisira, iye, achatongwa paDendemaro reKutongwa sechipfeve chemumugwagwa. Zvinoita sezvinoshamisa zvakaipa.

Regai ndikunyorerei kamufanakiso.

⁶⁵ Zvino, zvino hepano pane gweta muguta, muchinda wechidiki, uye murume akanaka. Semaonero e—ezvematongerwo, ndinokwanisa kufunga kuti anogona kunge akadzikama semamwe, zvematongerwo zvake. Zvino ofambidzana nemusikana ane mukurumbira kwazvo. Vanodanana vochata. Vanoenda kumapati ese nezvinhu zvikuru, uye vese vanonwa pamwe chete. Pakupedzisira, mudzimai... Murume anova neimba yakanaka. Anogara munharaunda yakanaka. Anofungwa zvakanaka pamusoro pake pakati pevanhu. Asi murume...Vese vari vaviri vanonwa. Mudzimai anopfeka zvikabudura, anochekeka vhudzi rake, anopenda kumeso, zvinhu zvese zvinokwezva ruchiva, mukadzi akanaka achizviratidzira pachena. Zvakanaka, haamboenda kucheche, zvachose, vose vari vaviri.

66 Saka, kunouyawo, vavakidzani vavo, kunouya mudzimai anobva kuchechi yeBaptisti kana chechi yeMethodisti, iye nemurume wake. Zvino, mudzimai uyu . . .

67 Ngatitii Methodisti, nokuti muMethodisti vanoti darikei maBaptisti pahutsvene; vese kunze kweNew Testament Baptist, vanotenda muhutsvene. Asi, kazhinji, vechiBaptisti havanei nehutsvene zvachose, munoono. Havatende mune chinhu chakadaro. Saka zvadaro, zvino, ngatichiitei Methodisti nekuti vanotenda muhutsvene.

68 Uye zvino mudzimai wechiMethodisti anouya kuzova muvakidzani wemukadzi uyu, mumugwagwa umwe chete. Murume wake mu . . . Tingati anoita basa rezvemari, uye, kana imwe hofisi. Zvakanaka, zvino mudzimai wechiMethodisti uyu anotarisa kuno mumwe mukadzi uya.

69 Zvino gweta iri parinobuda muguta . . . Zita rake ndiJohn; toti zita rake ndiJohn. Zvino, musafungidzira kuti ndizvo zvino. Ndiri kungopa mazita emutambo zvino. Zvino zita rake ndiJohn. Zvakanaka, mukadzi aisimbofambidzana naRalph. Uye izita remutambo, ese zvawo, munoono, kungoti mugobata nyaya yacho, kuti mugadzire mufananidzo.

70 Zvakanaka, chekutanga munoziva, papati yekudhakwa, Ralph anomumbundira zvakare. Zvino, anoita manyukunyuku, nekuti ave murudo zvakare naRalph, pakufunga kwake. Zvadaro, mushure mechinguva, Ralph anotanga kusangana naye. Zvino iye anogona kuvanza kuna John, kuti asazvione. Uye ofunga kuti kadhadha kakangwara, nekuti anofunga kuti anogona kumhanyidzana naRalph, akaroorwa naJohn. Munoono, mudzimai wacho haana kana pfungwa yekudzikama, uye hapana zvaanofunga pamusoro pazvo.

71 Asi mudzimai uyu wechiMethodisti akakurira mune rimwe divi. Iye, anoendawo, kuchechi, uye anofunga kuti mukadzi uyo akaipa kwazvo. Sei, anoti kumurume wake, paanouya, “Ndaona murume uyo achipinda umo kunosangana naye. Zvino John paanenge ari kunze neimwe nyaya kumwe kunhu, Philadelphia kana kumwe, anomutora nemota yake, voenda kunorara kumahombekombe enyanza. Ndinovaona vachidzoka kumba; havatombovhare maketeni avo dzimwe nguva, anomutsvoda nekuita rudo naye, tevere . . . Oh, hazvina kuipa here?” anodaro kumurume wake. “Handiti, hapana zvaari kunze kwekuva chipfeve chemazuva ese.” Ichokwadi. Akatoipa kupfuura chipfeve chemazuva ese, nekuti iye mudzimai akaroorwa. Maona? Uye iye, mudzimai uyu, mudzimai uyu wechiMethodisti, anofunga kuti zvakaipa, haamboenda kuchechi.

72 Zvino, mudzimai uyu wechiMethodisti haangamboita chinhu chakadaro. Kwete, zvachose. Mudzimai akadzikama. Uye chimwe chinhu, haangambobata bhotoro rehviski, nekuti, kereke yeMethodisti, zvikamu makumi mapfumbamwe kubva

muzana zvechirongwa chavo kurambidza doro, kurambidza hwiski. Saka, vane chirongwa chekurambidza, uye vanhu ivavo veMethodisti havararame zvinopfuurira zvinodzidziswa nechechi yavo.

⁷³ Asi mudzimai mumwe chete uyu, mudzimai uyu wechiMethodisti, anobuda kunze, madekwana, nemurume wake, akapfeka chikabudura musi weSvondo, mushure meSunday school. Anogera vhudzi rake. Anozora pendi pamuromo, uye anotomboputa fodya zvishoma.

⁷⁴ Zvino, muShoko raMwari, vese zvipfeve, asi *uyu* ari pano “haana kusimira, akasuwa, ane nhamo, asingaone, uye asingazvize.” Mumwe angori nemhosva semumwe wacho, nokuti, “Murume anotarisa pamudzimai, kuti amuchive, atoita hupombwe naye kare mumoyo make.”

⁷⁵ Zvino kana mudzimai uyu, zvino, aigona kuti, “Mirai kweminiti, VaBranham. Regai ndikupei kundzisisa kwekuti, handisi chipfeve.” Hanzvadzi yangu, zvichida dai waitora kuiswa pamberi peBhaibheri, woisa maoko ako paRiri muHupo hwaMwari, wopika kuti waingova wakatendeka, wakatendeka kumurume wako sezvaungagona. Mutumbi wako ndewe murume wako, asi moyo wako ndewaMwari. Pane mweya wakaipa wakakuzodza. Kana izvozvo, kana usiri, zvararo uri . . . ndinogona kuratidza kuti unopenga chaizvo.

⁷⁶ Chii chingadai chakaitika kuna ambuya vako dai vakafamba mumugwagwa vakapfeka chikabudura? Vangadai vakavaisa muchipataro chemapenzi; vabuda vasina kupfeka dhirezi. Pane chinhu chakatsveyama mupfungwa dzavo. Kana zvaiva izvozvo kareko, ndizvozvo nhasi.

⁷⁷ Saka zvinokandira nyika yese mukupengereka. Chinhu chacho chese chiri kungopengereka. Zvino chakanyatsa kupinda chichiverevedza kusvikira vanhu havazvize.

⁷⁸ Zvino, iye chipfeve here? Kwete kubudikidza nemurume wake, mhiko kumutumbi wake. Asi, pamberi paMwari, ane Mweya wakaipa, wehupfeve uri paari, unomuita kuti apfeke zvakadaro. Zvino iye ari muZera reChechi ye Raodhikia, uye asingazive kuti ari kuita izvozvo. Mudzimai asine mhaka iyeye haazive kuti Mwari vari kuzomotonga nokuda kwekuva chipfeve. Hezvoka kwamuri.

⁷⁹ Riendese kwaari; haugone kumuudza. Hapana nzira yekuRiendesa kwaari. Bhaibheri rakati, “Havana kusimira uye havazvize.”

⁸⁰ Dai waimudana kuti chipfeve nhasi, pachake, aitokusungisa. Aitodaro. Handimbotaura ndakanangana nemunhu. Ndinotaura pamusoro pechivi. Handiti, “*Iyi* chechi yakati, Va*Nhingi-nhingi* avo, Mufundisi *Nhingi-nhingi*, ivo. . .” Kwete, kwete. Ndinotaura kuti, dzidziso yeizvozvo, munoona, chinhu chacho

chese. Handidane dungamunhu. Havasi vanhu. Hurongwa hwavari mahuri. Hurongwa hwenyika.

⁸¹ Hama George Wright vakagara pano vari. . . Vane makore makumi manomwe nemashanu kana makumi manomwe nemasere, ndinofungidzira. Unofunga kuti chii chingadai chakaitika dai wakaenda kunoona Sister Wright rimwe zuva, uye vangadai vakamira vakapfeka chikabudura? Handiti, ungadai usina kumbobvira, wai—wainoti mukadzi wacho anovharirwa. Mungadai musina kumbovarooro. Zvakanaka, dai mukomana upi zvake angadai akazviita nezuva iroro, chinhu chimwe chete chingadai chakaitika. Saka, kana chaiva chivi uye zvakaipa kareko, zvichiri zvimwe chete; asi vanhu vave mukupenga.

⁸² Regai ndiporofite chimwe chinhu kwamuri, chisati chaitika. Nyika yese iri kuungana mukupenga, uye zvicharamba zvichiipa nekuipa nekuipa, kusvikira vachava boka remapenzi. Uye ndizvo zvazvava kusvika pazviri.

⁸³ Ungambofungidzira here murume achityaira akadzima magetsi, kudivi risiri iro remugwagwa; riki, mwana mudiki, anofanira kunge achangobuda kuchikoro chesekondari, ouraya boka revanhu. Zvinovamisa here? Anotevera anouya mumashure make chaimo, achiita zvimwe chetezvo. Ungafungidzira here mujaya angazvifungira. . . chinhu chipi zvacho pamusoro pake iye, obuda kunze kuno oita nenzira yavanoita nayo?

⁸⁴ Ungambofungidzira mukadzi wechidiki, asvika panhongonya yehudzimai, akanaka pachiso, akaumbika zvakanaka, chimiro chakanaka, mamiriro, kumeso, akanaka; zvino chinhu chaicho cherunako rwake chinoratidza kuti tave kumagumo. Munoono, aenda nezvese kumaratidzikiro enyika, zvinhu zvepanyika uye kwete runako rwehutsvene, kutapira mumoyo make. Ndakaona vakadzi, kunze kwavo hapana zvinobata meso, asi chingotaura navo kwenguva imwe chete, taura navo maminiti mashoma, ivo chimwe chinhu chechokwadi chausingagone kubva pachiri. Munoono, runako rwekunze nderwadhiyabhorosi, nderwenyika.

⁸⁵ Tarirai vana vaKaini, kuti vakapinda sei mazviri. “Vanakomana vaMwari pavakaona kuti vanasikana vevanhu vakanaka, vakavatora ndokuvaita vakadzi vavo,” zvino Mwari havana kumbobvira vakavaregerera.

⁸⁶ Honai, paya madzimai eIsraeri vaine—vaine maoko ane mhoni, nevhudzi richimonana; vanakomana vaMwari pavakapfuura nemunyika yevaMoabhi, ndokusangana nevakadzi vakanaka vane vhudzi rakagadzirwa zvakanaka, nezvinokwezva, nekupenda kwakawanda kumeso, kana zvamunozvidana; zvino vanakomana vava vaMwari pavakaona vakadzi ava vakaisvonaka, muprofito wenhema akati, “Tese takafanana.” [Hama Branham vanogogodza papurupiti

katanhatu—Mupepeti.] Zvino vakavaroodza pakati pavo, uye Mwari haana kumbovaregerera.

⁸⁷ Vakafira murenje. Mumwe nemumwe wavo akafira imomo, pasine tariro, vasina Mwari, uye vakarasika nekusingaperi; vakatukwa narinhi, kunyange vakanga vaona kunaka kwaMwari, kunyange vakanwa kubva muchitubu chisingapwe. Vakanwa kubva mudombo rakarohwa. Vakanga vaona nyoka yendarira ichiita zvishamiso. Vakanga vabuda kubva murubhabhatidzo rwaMosesi mugungwa. Vakanga vaona ruoko rwaMwari. Vakanga vadya chikafu cheNgirozi, uye vaita zvinhu zvese izvozvo. Asi vakaroodza, kurega madzimai iwayo achipinda, nekuroora pakati pavo. Kwete kuita hupombwe, kunguroora pakati pavo; Mwari havana kumbozviregerera.

⁸⁸ Ndekechipiri kazvakasangana. Zvino hepano tiri pane kechitatu, zvakawedzera kunyengera kupfuura zvazvakambova.

⁸⁹ Ndinoziva kuti zvakaoma. Uye ndinogara ndichifunga, nenzira dzakawanda, kuti zvichamboitika sei? Sei ndichifanira kutaura zvakakwasharara kudai kuvanhu? Chii chinoita kuti zvidaro? Asi zvakadaro, ndinocherechedza, dai vakanga vasiri Mwari, hapaimbova nemunhu, hapana mudzimai aimbogara pasi achinditeerera. Asi vanodzoka, nekuti pane mumwe munhu ane kahoko keChokwadi ipapo, anoziva kuti iZvo ndizvozvo. Zvisinei, vanoziva kuti ndiZvo. Zvino honai zvinoitika. Ndinoziva kuti zvakaoma.

⁹⁰ Zvakangofanana nekuti kana chiremba akakupamushonga, iwe woramba kuutora, zvino usapomera chiremba kana ukafa. Zvino iRi rakafanana nemushonga. Ko vanhu ava vanogara vachiti ndinovenga madzimai?

⁹¹ Munoono, chingotaraisai mazvibatire emadzimai, uye ndichakuratidzai pava nekereke. Tsika dzemadzimai muRaodhikia, munyika, panyama, “vasina kusimira, vakasuwa, mapofu, uye vasingazvizive,” va—vanhu, madzimai enyika. Zvino kereke iri muchinhano chimwe chete. Tarisai zvepanyama zvichiratidzira zvepamweya, nzira yese, nguva yega-yega. Zvino, rimwe zuva paDendemaro reKutongwa . . .

⁹² Ndinoziva kuti hazvinakidze kutaura. Zvino kana munhu asina kugadzwa kuti azvitaure, zviri nane asazvitaure; nokuti uri kutevedzera, uye zvadaro unopinda mudambudziko, chokwadi chaizvo.

⁹³ Zvino cherechedzai. Ndakatonyatsa kuti, zvinoita sekuti, nedzimwe nguva, ndakabata muromo wemudzimai wakazaruka ndokudurura Mushonga mumuromo wake, zvino ndovhara muromo wake nemaoko angu, zvino anoUsvipa nguva dzese. Ko dai chiremba aizviita kumurwere wake, zvino murwere ofa nekuti aramba kumedza mushonga iwoyo? PaDendemaro

reKutongwa, apo zvinhu zvese izvi sekugera vhudzi nekupfeka zvikabudura uye. . .

⁹⁴ Ndiri kungovaka bedzi. Nguva yava pedyosa pamuri kuzoona chimwe chinhu chichiitika, apo chimwe chinhu chiri kuzoitika. Uye nhangaruvanze yese iyi yaingova kuiswa kwenheyo yeMharidzo pfupi, yechimbichimbi ichazunguza ndudzi dzese.

⁹⁵ Sei ndanga ndiri kunangana nemadzimai, zvanga zvakangorara pamusoro pano kuitira chimwe chinhu chamunogona kurova mumusoro, nacho. Kunyange kuedza kuvaudza izvo zvakanaka. Zvino ini ndakabata neruoko seizvi, sekunge waiva muro, vakaUsvipa. Zvino ndiani angawanire chiremba mhosva?

⁹⁶ Ko uri kuzovitaura sei, neZuva reKutongwa, apo manzwi chaiwo aitura achipikisana nazvo, kucharidzwa rekodhi zvakare pamberi pavanhu? Zvino vachazvitiza sei?

⁹⁷ KuUsvipa nepakati peminwe yavo. Wodurura umwe zvakare, zvino pekupedzisira vodzungudza misoro yavo uye vodzosa zvakare, kudzoka, hazvishande. Zvakadaro, unodzoka zvakare woUdurura zvakare. Zvino ndiani ane mhosva? Kwete chiremba, kwete Mushonga, asi maonero emunhu iyeye. Ndizvozvo chaizvo. Richava zuva rakaipisisa, rimwe ramazuva ano, apo chizvarwa chino chine zvivi chehupombwe chichamira pamberi paMwari Samasimba.

⁹⁸ Ndinoona makore angu achiwanda, mapendekete angu achikombama; uye, ndinoziva, makore makumi matatu pano papuratifomu, hongu, makore makumi matatu nematatu pano mumunda. Hupenyu hwakareba. Makore makumi matatu nematatu ekushumaira. Chinhu chimwe chete chandinodemba; kuti handina kuwana makore zana nemakumi matatu nematatu awo. Nekuti uyu ndiwo mukana wekupedzisira wandichazombova nawo, ndiri pano mumutumbi unofa, wekuperidza Evhangeri. Mwari vandibatsire kuti ndimire ndakatendeka nekukwanisa kwese, kuShoko irori, ndingotaura sezvaVanotaura.

⁹⁹ Chii chakaita kuti mudzimai wechiMethodisti. . . Ungambogona sei kuUisa maari? Heuno pano, muZera iroro reKereke yeRaodhikia.

¹⁰⁰ Zvino tichatora mudzimai wechiPentekosta. Haangambopfeka zvikabudura, kupenda kumeso, kana kugera vhudzi rake, asi anotaridzira pasi pamudzimai uya weMethodisti, oti, "Honai mukadzi uyu ari kuita *chakati-nechakati!*" Nhandi mudzimai haapfeki zvikabudura, asi iye oti. . .iyewo zvakare akagerwa musoro. Maona?

¹⁰¹ Kuwedzera kukwira kwaunoita muna Mwari, ndiko kuwedzera kuipa kwachinoratidzika chinhu chacho chese. Uye zvino dzimwe nguva, mumunamato, unogona kufungidzira,

Mweya Mutsvene paunokukwidza mune chimwe chinhanu, zvino chinhu chese chinoita semhirizhonga. Zvino paunodzoka pasi zvakare, zvinoita sekunge uri, kuvanhu, uri mupengo, hausi—hausi chinhu kunze kwemupengereki wakare. Uri benzi, nekuti unomira semupengereki wakare uchingogara uchitsiura vanhu. Asi kana ukambokwira munharaunda idzodzo imwe nguva, umo maunogona kunge uri muHupo hwaMwari (kwete kubudikidza nemanyawi, asi kubudikidza neMweya Mutsvene wechokwadi uchikusimudza), chinhu chacho chese chakanyorwa kunzi, “IKABHODHI.” Kubwinya kwaJehovha kwabva pahanzu yose yechisangano. Ndizvozvo. Imomo hapana kana rimwe ravo rakanaka.

¹⁰² Zvino regai ndikudhirowerei kadenderedzwa. Dai ndaiva nebhodhi dema...Asi ndinoda kuti mutarise pano. [Hama Branham vanodhirowa madenderedzwa pamwe panhu—Mupepeti.] Ndiri kuzogadzira denderedzwa rimwe chete seizvi, uye ndiri kuzogadzira rimwe denderedzwa mukati medenderedzwa iroro, ave maviri, zvararo ndiri kuzogadzira denderedzwa mukati medenderedzwa iroro. Madenderedzwa matatu, madenderedzwa matatu. Zvino, ndiwe wacho.

¹⁰³ NdiMwari. Mwari muhutatu Mumwe chete, uye pasina hutatu haasi Mwari. Haagone kuratidzirwa neimwe nzira.

¹⁰⁴ Naizvozvowo haugone kuratidzirwa usina kunge uri muhutatu hwemunhu wauri, unova: mutumbi, mweya, munhu wemukati. Pasina chimwe chete chazvo, hauna kukwana. Maona? Dai usina munhu wemukati, hapana zvawaiva; usina mweya, hapana zvawaizombova; usina mutumbi, ungadai ungori mweya, kwete mutumbi.

¹⁰⁵ Saka, Mwari vanokwaniswa muhutatu hweMunhu; kwete hutatu hwevanhu, asi Munhu Mumwe chete muhutatu. Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene kuratidzirwa kwaMwari mumwe chete wechokwadi. Mwari!

¹⁰⁶ Cherechedzai pano, chingomirai, ndi—ndinotenda ndazviverenga maminiti mashoma apfuura. Teererai kune izvi.

*...nyorera kumutumwa wekereke iri...
paRaodhikia; Zvanzi naAmeni, chapupu chakatendeka
chazvokwadi, kutanga kwezvisikwa zvaMwari;*

¹⁰⁷ Mwari ndivo Musiki. Zvino Vakambosikwa sei? Asi uku “ndiwo mavambo ekusikwa kwaMwari.” Paya Mwari, Mweya, akasikwa muchimiro cheMunhu, aiva Mwari aisikwa; Mwari Musiki, pachaVo, vachiva chisikwa. Mwari, Vakagadzira ivhu, vakagadzira calcium, vakagadzira potash, vakagadzira chiedza chezuva, vakagadzira mapeturu, vakatora chinhu chacho chese vakaZvisika, pa “kutanga kwekusikwa kwaMwari.”

¹⁰⁸ “Ameni,” mhedziso. *Ameni* zvinoreva “ngazvive saizvozvo.” “Mhedziso yaMwari,” Mwari pavakapedza pakusika kwaVo.

109 Zvino, zvaiva zvakadini? “Hapana munhu ati amboona Mwari panguva ipi zvayo, asi Murumbwana waBaba akaVazivisa.” Mazvibata?

110 Ngatiti, kweminiti, musamhanyira. Ngativhurei Vakorose, kweminiti. Zvangoitika kuti ini...pane Gwaro rauya mupfungwa dzangu. Ngativhurei kuna VaKorose, Bhuku revaKorose, uye titore...ndinotenda chitsauko l. Ndinofanirwa kuti ndizvitarise, nokuti handina kunge ndafanozvifunga pano. Saka ndicha...Sezvandaimbova, pandaiva muparidzi wechidiki, ndaigona kufunga pamusoro pezvinhu izvi [Hama Branham vanoridza munwe wavo—Mupepeti.] ipo pano zvino, asi ndichikwegura handichagone. Ngatitangirei pandima 9, ndinotenda kudaro. “Nokuda kwechikonzero ichi...” NdiPauro ari kuudza Vakorose pamusoro paKristu, kuti Aiva Ani.

Saka nesuwo, kubvira pazuva ratakanzwa, hatiregeri kukunyengererai, uye...nekushuva kuti muzadziswe nokuziva kwese kwekuda kwake pakuchenjera nekunzwisisa kwose kwemweya;

Kuti mufambe sezvinofanira Ishe muchimufadza pazvose, muchibereka zvibereko pamabasa ese akanaka, muchiwedzera pakuziva Mwari kwazvo;

Muchisimbiswa mose...nesimba rekubwinya kwake, remoyo murefu nekutsungirira nemufaro;

Muvonge Baba, vakasangana...avo vakatikwanisa kuti...tipiwe nhaka yavatsvene...

Vakatisunungura pasimba rerima, ndokutiisa muushe hweMwanakomana werudo rwavo:

111 Hepano tava kusvika zvino. Tarisai.

Watine dzikinuro maari kubudikidza neropa rake, ndiko kukanganwirwa kwechivi:

Ndiye mufananidzo waMwari asingaoneki,...

112 Mazvibata? Ndimu 15, Vakorose 1:15.

...dangwe rezvisikwa zvese:

113 Amen! Chii? “Dangwe rezvisikwa zvese.” Ngaive Ngirozi, ngachive chero chachingava; ndiYe dangwe rezvisikwa zvese.

Nokuti maari zvinhu zvese zvakasikwa—zvinhu zvese zvakasikwa, zviri kudenga, kana...nepanyika, zvinoonekwa...zvisingaonekwi, kana zvigaro zveushe, kunyange paine ushe, ...vabati, ...masimba: zvinhu zvese zvakasikwa naye, zviripo nokuda kwake:

114 [Hama Branham vanofuridza mhupo, vachiridza miromo yavo—Mupepeti.] Ngazvive chero zvazvingava; hapana mumwe munhu! Cherechedzai, “Uye mu...Naizvozvo iye...”

...ndiye anotangira zvinhu zvese, zvese zvakabatana maari.

115 Angava Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, kana chero zvazviri, “Anotangira zvinhu zvese.” “Kutangira zvinhu zvese zviri Kudenga, panyika; zvinoooneka, zvisingaoneki, kana chinhu chipi zvacho,” Mwanakomana waMwari uyu aitangira zvinhu zvese. Ndizvo here? Handina basa, zvigaro zveushe, ushe, chero zvazviri; Zvigaro zveKudenga, humambo, chero zvachingava munharaunda huru dzemweya mhiri, muna Ziendanakuenda kwazvaiva; chero zvazvaiva, Ngirozi, vamwari, chero zvazvaiva, “Anotangira zvinhu zvese.” Ameni! Hamugone kuMuona here? “Akatangira zvinhu zvese; uye zvakasikwa naYe. IYe...” Chitsauko 17.

Zvino iye anotangira zvinhu zvese, uye zvinhu zvese vakabatana maari.

116 Hapana chinhu chinogona kuita kuti zvibatane kunze kwaKe. Angave Mwari Baba, Mwari Mweya Mutsvene; dzingave Ngirozi, vabati, masimba, ushe; chero zvachingava, zvinhu zvese zvinofambiswa naYe. “Zvinhu zvese zvinobatanidzwa naYe.” IYe!

Ndiye musoro wemuwiri, kereke: ndiye wekutanga—ndiye wekutanga, dangwe rakamuka kuvakafa (ndiko kuti, kumutsa vaakauya kuzodzikinura); kuti iye ave mukuru pane zvinhu zvese.

117 “Kuti ave nehukuru,” munoziva zvazvinoreva? Ndiko, “kuva pamusoro pazvose.” Mukuru pane zvinhu zvese zvakasikwa; Ngirozi yese, munhu wese, chinhu chese—chese chiripo. Ari pamusoro pezvinhu zvese. Chisikwa chipiko iChi? Angave ani? Pamusoro pazvose! “Uye aine rugare...” Ngationei, kweminiti. Huku-...

Nokuti Baba vakafara nazvo kuti huzaro hwose hugare maari;

118 “Uzaro hwezvinhu zvese.” Uzaro hwese hwaMwari, huzaro hwese hweNgirozi, huzaro hwese hwenguva, huzaro hwese hweZiendanakuenda; zvinhu zvese zvinogara maAri. Ndiye Muchinda uyu.

Kuti, naye ayananise zvinhu zvese kwaari, amboita rugare neropa romuchinjikwa wake; naiye, ndinoti, kunyange zviri panyika, kunyange zviri kudenga.

119 Heuno Munhu mukuru watiri kutaura nezvake, “Mavambo ekusikwa kwaMwari.”

120 Zvino, zvino izvo, Kereke, kuti chinangwa chaKe chakazara chaiva Kereke. Zvino tinopinda sei muKereke iyi? “NeMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa tese muMutumbi mumwe chete,” Kereke, Mutumbi waKristu. Haigone kukundika.

121 Zvino, hezvino zvinoitika. Zvino tarirai apa, ungori mufananidzo muduku pano. [Hama Branham vanoratidza

zvakare mufananidzo wavo wemadenderedzwa matatu—Mupepeti.]

¹²² Zvino, munhu uyu wekunze inyama. Ndiye watinotarisa; watinoona. Zvino une nzira shanu dzekupinda mumutumbi iwoyo. Uye mwana upi zvake wechikoro cheprimary, seni, anoziva kuti pane manzwiwo mashanu anotungamira muviri; kuona, kuravira, kubata, kunhuwidza, kunzwa. Pasina izvozvo, haugone kubata mutumbi. Ndiyo yega nzira yauinayo kumutumbi; kuona, kuravira, kubata, kunhuwidza, kunzwa; unouona, kuravira, kuubata...Zvino, ndiye wakaipa, wekunze.

¹²³ Zvino, mukati mairoro mune mweya, uyo waunova paunoberekwa panyika uye mweya wehupenyu unofemerwa maari. Mweya iwoyo une hunhu hwenyika nekuti hauna kubva kuna Mwari, asi waka (piwa) wakatenderwa naMwari. Zvino mazvibata? Nokuti, mwana wese anozarwa panyika, “anobarwa muzvivi, nekuumbwa mukusarurama; akauya panyika achitaura nhema.” Ndizvo here? Saka, munhu iyeye, ari mukati umo, mutadzi, kubva pakutanga. Zvino, asi... .

¹²⁴ Zvino, une nzira shanu dzinopinda mauri. Zvino nzira shanu idzi...Handizive kana ndichigona kudzireva izvezvi. Paya... .Yekutanga, ndinoziva, mifungo, hana, rudo, sarudzo... .Kwete. Hana, rudo, njere... .Pane nzira shanu dzinopinda mumweya. Haugone kufunga nemutumbi wako; unofanira kufunga nemweya wako. Haukwanise kuva nehana mumutumbi wako. Hauna pfungwa zvachose; mutumbi wako hauna, saka unofanira kufunga nemweya wako. Unofanira kuva nenjere. Haugone kuva nenjere mumutumbi wako unobatika, nokuti njere hadziona, kuravira, kubata, kunhuwidza, kana kunzwa. Njere ndidzo idzo dzaunokwanisa kuva nadzo mupfungwa dzako. Kana wakarara kana kuti waenda, mutumbi wako wakarara apo wakafa, asi mweya wako uchiri kugona kufunga. Pane pfungwa shanu dzinotungamira munhu wemukati iyeye. Uye idzo... .

¹²⁵ Zvino, kumunhu wekupedzisira, anova munhu wemukati, panongori nepfungwa imwe chete inotungamira izvozvo, uye rusununguko... .rwesarudzo yakasununguka yekusarudza kana kuramba.

¹²⁶ Uye zvino chikonzero sei vanhu nhasi...Zvino, musakanganwe izvi zvino, uye mucha—muchaona izvo Mutsvene...zviri chiratidzo chekutanga cheMweya Mutsvene. Maona?

¹²⁷ Zvino, vanhu vanogona kurarama mumweya uyu, votamba mumweya. Vanodanidzira mumweya. Vanoenda kuchechi mumweya, uye vanogona kuva neMweya waMwari wemazvirokwazvo wakazodzwa pamweya iwoyo, asi

vakangorasika zvakadaro vakangopindwa nemadhimoni nekukwanisa kwese, vaine mweya iwoyo.

¹²⁸ Nekuti, tarisai, ndicho chikonzero usingakwanise kuudza mudzimai iyeye, kupfeka kwake chikabudura, kwakaipa. Hawaikwanisa kumuudza kuti kugera kwake musoro kwakaipa. “Zvakanaka, ko vhudzi rinei nechekuita nazvo?” Zvino, zvaiva nebasa kuna Samsoni. Maona?

¹²⁹ “Ani naani achawedzera shoko rimwe chete kune iZvi, kana kubvisa Shoko rimwe chete kubva maZviri.” Unofanira kuva nemhedziso pane imwe nzvimbo.

¹³⁰ Zvino, tomboti, dai ndaiva mu—mu—mu—murume wechiBaptisti, iwe wouya kuzondiudza kuti ndinofanirwa—ndinofanirwa kubhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu; zviri muBhaibheri. Zvakanaka, chekutanga munoziva, ndinoti, “Ndichavhunza mufudzi wangu.”

¹³¹ Zvino ndoenda kumufudzi; iye oti, “O, chinhu chakare, unoona. Hongu, unoona, isu maBaptisti, hezvino zvatinotenda; tinotenda kuti tinofanirwa kunyudzwa mumadunhurirwa matatu a ‘Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.’ Ndiyo nzira yakaitwa nekereke yese. Kubvira payakavambwa naJohn Smith, ndiwo maitirwo azvinoitwa.” Zvakanaka, ndiyo mhedziso yako. “Kure nezvinotaurwa nemuchinda uya!”

¹³² Ko kana uri muMethodisti, uye kusasa mvura ndiyo nzira yenyu, zvino woudzwa kuti unofanirwa kunyudzwa? Munoono zvandiri kureva? Wodzokera kumufudzi weMethodisti, zvino anonyora achivhunza mubhishopi, kana *nhingi-nhingi* akati *chakati-nechakati* pamusoro pezvokuti. “Asi isu, kereke yeMethodisti, takavambwa makore mazana matatu kana mazana mana apfuura, kuEngland, naJohn Wesley, naWhitefield, nevamwe vese ikoko, naAsbury. Takavamba gwaro iri, tichitevera John Wesley, kuti tinofanirwa kusaswa, nekuti chira-. . .chiratidzo chekunze. Zvino tinongofunga kuti kusasa kwakangofanana nezvazviri neimwe nzira.” Kana uri wechokwadi. . .Kana chechi yeMethodisti iri iyo mhedziso yako, ndipo pega paunogogumira.

¹³³ Kana uri Mukatorike. . .Zvino ndokuudza kuti, hazvisi muBhaibheri zvekusadya nyama musi weChishanu, nezvinhu zvese izvi sezvizvi, uye “Kudya Kutsvene hakusi kahwendefa, nekuti Mweya,” nezvakadaro. Zvino iwe woenda kumuprisita wako, muprisita oti, “Hezvino, zvakananyatsa kunyorwa muchinyorwa chedu.” Zvino kana chechi yako iri iyo mhedziso yako, hauna basa nezvinotaurwa nemunhu upi zvake. Ndiyo mhedziso yako.

¹³⁴ O, Mwari batsirai kuti izvi zvisinine! Kwandiri, zvinhu zvacho zvese zvakaipa. Shoko raMwari ndiro mhedziso. Chero zvinotaurwa neShoko, izvozvo ndizvo zvakanaka.

135 Zvino, nzira yega yekukukwira munharaunda idzi, yekuti upinde mumunhu wemukati mudiki uyu; ndeyekuti unofanira kunge wakafanotemerwa. Nekuti waiva naMwari, uri chikamu chaMwari.

136 Ndaiva muna baba vangu. Ndaivawo muna sekuru vangu, nasekuru vasekuru vangu. Kubudikidza nembeu, ndaivamo.

137 Zvino ndaiva muna Kristu. Waiva muna Kristu nyika isati yavambwa. Akauya kuzodzikinura vaKe pachaKe, vaKe iYe vaiva maAri. Hareruya! Vana vaKe vaiva maAri!

138 Haana kumbouya ku—kuzoponesa vana vadhiyabhorosi. HavamboRiziva. Uye vakangwara nenzira yedzidzo yavo yenjere, yausingakwanise kuenzanisa navo zvachose. Haugone kutaura kuvapfuura. Asi, nekutenda unoRiona.

139 Zvino, sainzi haidi kutenda. Sainzi inosimbisa zvavari kutaura nezvazvo. Hazvidi kutenda.

140 Muprisita wechiKatorike anokuudza kuti, “Tarisa uone kuti kereke yekatorike yamira kwenguva yakareba sei. Tarisa uone kuti yamira kwenguva yakareba sei pasi pekutambudzwa kwechihedheni.”

Kereke yeMethodisti yoti, “Honai kureba kwenguva . . .”

141 Ndakaona kereke . . . kana pakambotaurwa nezvechiratidzo chehunyeri; ndichiuya nemugwagwa nezuro, ndakaona. Pakanzi, “Kereke yaKristu, yakavambwa A.D.33.” Haisati yatombosvika makore zana, munoona, sangano racho. Oh, ini zvangu! “Dzidziso yevaapostora”? Haina kana chainacho. Ndivo vaSadhuse vanhasi; hapana Mweya, hapana . . . Uye haugone kuvaudza; haugone kutaura navo; haugone kunzwisana navo.

142 Nekuti, tinopfuirira njere. “Haikona kuzembera panjere dzako.” Kutenda hakutombofunganye zvachose. Kutenda kunoRitenda.

143 Vanoti, “Zvino, tarira kuno, unotenda kuti tinofanira kuita zvinhu izvi zvakare? Hazvina maturo! Izvo . . .”

144 Asi Bhaibheri rakadaro. Handigone kutsanangura kuti zvinoitika sei, asi zvinoitika. Mwari vakataura kudaro. Saka haufanire . . . Hapana chandinogona kukuudzai pamusoro pazvo. Kutenda hakuRitsanangure. Maizviziva here? Kutenda kunongoRitenda.

145 Jesu akati kuna Nikodhimo, akabva kuSa- . . . kukanzuru rezvinamato yeZuva rake; akauya kwaAri pausiku, ndokuti, “Tenzi, tinoziva kuti Muri Mudzidzisi akabva kuna Mwari, nokuti hakuna munhu anokwanisa kuita zvinhu zvaMunoita, kunze kwekunge Mwari ainaye.”

146 Iye akati, “Zvirokwazvo, ndinoti kwauri, ‘Kunze kwekunge munhu azvarwa patsva, haatongogoni kuona Humambo hwaMwari.’”

147 Ndokuti, “Ini, murume akwegura, kupinda mudumbu ramai vangu, kuti ndizvarwe?”

148 Akati, “Zvino ndingakutaurira sei zvinhu zveKudenga, kana usingatongotendi zvepanyika?” Maona?

149 Zvadaro Akati, rimwe zuva, “Kunze kwekunge wadya nyama yeMwanakomana weMunhu, nekunwa Ropa raKe, hauna Hupenyu mauri.” Haana kuzvitsanangura.

150 Vaapostora vaye nevaye vezuva iroro, vakafanotemerwa kuHupenyu; Aizviziva. Akati, “Vose avo vaNdakapiwa naBaba vachauya. Chinhu chega chamunofanira kuita kungoita kuti Inzwi raNgu riziviswe; vanozviziva, nokuti makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu.” Zvino inzwi ishoko riri kuratidzwa. [Chibenga patepi—Mupepeti.] “VanoRitenda, zvakadaro. Havafanirwe kuratidza chinhu chipi zvacho nesainzi, kana kuvhunza muSadhuse kana muFarise, kana chimwe chinhu, pamusoro pazvo. Ndakazvitaure, vanozvitenda, nokuti makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu.”

151 Zvino *iRi* Inzwi raMwari murunyororo, nokuti *iChi* ndicho chizaruro chakazara chaJesu Kristu, Testamente Yakare neltsva dzaiswa pamwe chete. Amen. Hezvoka izvo.

152 Nei? Unoti, “Vanhu ava vakanaka. Chii chinovaita kudaro...” Nekuti, chinhu chimwe, vakabatirira pachechi yavo. Zvino muno... Munorangarira musi weSvondo wapfuura, vhiki yapfuura; vangani vaiva pano vakanzwa mharidzo ye *VaZodziwa MumaZuva Ekupedzisira?* Ndinofunga kuti mese. Munoono, vakazodzwa. Mweya yavo yakazodzwa, muchiyero *ichi* chechipiri.

153 Zvino, mudzimai wekutanga anoti...Kwete, haana kana hany’a nezvinotaurwa nekereke, zvinotaurwa naani zvake. Akachenjera. Ane dzidzo yekoreji. Anogona kuzvivanza kumurume wake, ofunga kuti akangwara achiita izvozvo.

154 Mumwe mudzimai uyu “haana kusimira, ibofu, uye haazvizive.” O, zvinonzwisa urombo, asi ndiwo mufananidzo watinoratidzwa neBhaibheri. Zvino, anoenda kuchechi. Mudzimai iyeye, pada atori nane, mudzimai iyeye zvichida... Anorarama hupenyu hwakanaka, hwakachena; hapana zvakaipa pana izvozvo. Mwari ndiye achava Mutongi wazvo. Handizive; handisi ini Mutongi.

155 Ndinongori...ndine mungava pane zvaVanondiratidza. Ndizvo zvakataurwa nevaapostora. “Tinotaura izvo zvatinoziva, zvatakanzwa, zvatakaona.” Ndizvo zvandiine mungava nazvo. Ndizvo zvega zvauine mungava nazvo.

156 Asi zvino, munoono, kana ukatora mudzimai mumwe chete iyeye... Akagumisira ave kupi? Maona? Akanyatsa kutenderera. Akanzwa, hapana kupokana; akabatidza redhiyo, kakawanda. Inzwi raMwari ranga richitaura, kakawanda. Zvakanaka, zvino,

munoono, anouya opinda muchinamoto chakarasika ichi, boka. Machechi ese mapoka. Zinhu zvese, ndizvo chaizvo, angori makirabhu apo vanhu vanoungana vese senhengo. Zvino anouya uku; zvakanaka, zvinonyatsa kuenderana naye. Zvino kana ukaenda kunomuudza zvaanofanira kuita, haambokuteereri. Zviratidze kwaari muBhaibheri; haamboZviteereri.

¹⁵⁷ Zvino, hama yangu, hanzvadzi inodikanwa, chitaurwa chimwe chete kana zviviri ndisati ndavhara. Kwasara maminiti gumi nemashanu kuti, nguva yedu yekubuda ikwane; maminiti gumi nemashanu.

¹⁵⁸ Zvino honai, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Sei mudzimai iyeye asiri kuzviona? Sei asiri kugona? Maerano nekuva muhupombwe panyama, kumurume wake, haana mhosva; haana chekureurura. Akachena sezvaiva paakazvarwa; hapana murume akamubata.

¹⁵⁹ Ndiri kutaura zvinhu zviviri zvakafanana, kumudzimai, kukereke. Akangochena sepaakazvarwa. Zvino, ndizvo chaizvo zviri kereke, sepaakazvarwa, asi iye “akazvarwa muchivi, nekuumbwa mukusarurama, ndokuuya...” Munoono zvandiri kureva?

¹⁶⁰ Zvino iwe muudze kuti zvakaipa kuti agere vhudzi rake; Bhaibheri rakadaro. Zvakaipa kuti apfeke zvikabudura; Bhaibheri rakataura kudaro. Iye anozoti, “Hazvina maturo.” Sei? Mhedziso yake haisi zasi *kuno*, mumunhu wechitatu uyu, munhu wemukati akafanotemerwa nekutumwa kubva kuna Mwari. Asi mhedziso yake iri pasangano kunze *uku*, iro mumwe munhu akaita sangano kunze kweiZvi. Maona?

¹⁶¹ Asi kana Shoko raMwari riri pakadzika mumoyo iwoyo, rinoti, “Ameni! Ndinozviona.” Rinoenderana naRo. Zvino tarisai kuno. Naizvozvo, munhu akazvarwa neMweya waMwari. . .

¹⁶² Munoono, *heino* nyama yekunze. Zvino ndiri kutaura muungano ine vanhu vakasangana, ndiri kuzotaura se—semufudzi wenyu, sehama yenyu. *Heino* nyama, ine hutera, ichato...Mukadzi mudiki achafamba achidzika nenzira; mumwe mujaya achiri pazera rake rehudiki, paya aine makore gumi nemanomwe, gumi nemasere, makumi maviri, makumi maviri nemashanu, makumi matatu, achifamba achitenderera imomo...Zvino mukadzi wechidiki anouya, achizvonyongotsa nhengo yese, mutumbi wake, achifamba akapfeka gogo dzakareba; iye pachake akazviisa pachena kumberi nekumashure; zvino dhirezi rakakwira *kudai* pamusoro pemabvi ake, kana kuti akapfeka chikabudura. Munoziva here kuti Bhaibheri rakataura kuti aizozvibata saizvozvo? Munozviza, kuti Bhaibheri rakataura kuti aizozvibata nenzira iyoyo, kuti aizova achisemesa zvakadini.

¹⁶³ Makaverenga here izvi pano, *Reader's Digest* remwedzi uno, kuti, “Varume nevakadzi vezuva rino, vasikana vadiki,

kubva pamakore makumi maviri kana makore makumi maviri nemashanu, vari pazera rekuguma kuzvara,” iyo yaunopfuura nemairi pakushanduka kwehupenyu pazera repakati nepakati rehupenyu, maererano nesainzi, pakati pamakore makumi maviri kana makore makumi maviri nemashanu. Zvaisidaro kumakore angaita makumi matatu kana makumi matatu nemashanu, munguva yangu. Munguva yamai vangu, mudzimai aisambosvika pazera rekusabereka kusvika ava nemakore makumi mana kana makumi mana nemashanu.

¹⁶⁴ Chii ichocho? Kubudikidza nesainzi, nechikafu, masanganiswa, zvatsveyamisa mutumbi wese wevanhu kusvikira tava boka re—re—rezvinoora. Zvino, kana zvepanyama zviri kuodzwa, ko handizvowo here pazvizenga zveuropi hwemunhu wenyama iyeye?

¹⁶⁵ Zvino tarisai Mweya, uchizvitevera. Pachasvika nguva, nemuZita raJehovha, kuti vanhu vachanyatsa kupenga. Bhaibheri rinotaura kudaro. Vachachema nekudanidzira; zvinhu zvinotyisa mumifungo yepfungwa dzavo. Mareddhiyo nezvinhu, maprogiramu edu eterevhizheni, ari kuzvigadzira. Pachava nezvakaite semasvosve zvichasimuka panyika, zvinenge zvakareba semiti gumi neina; pachava ne—ne—neshiri ichabhururuka panyika, iine mapapiro akareba mamaera mana kana mashanu; uye vanhu vachadziona, vachachema nekudanidzira, nekuchemera ngonzi. Asi achange ari Matenda. Mirai kusvika ndaparidza pamusoro pekuzaruka kweMatenda aya.

¹⁶⁶ Tarisai zvakaite naMosesi pasi pemunhu wenyama, kwete Mweya, paVakati, “Mosesi…” Mwari vakati kuna Mosesi, “Enda kunze uko,” kumuporofita waVo, “nhonga ivhu muchanza, urikandire mudenga uti, ‘ZVANZI NAJEHOVHA, nhata dzichauya panyika.’” Paiva pasina inda. Chinhu chekutanga munoziva, vakatanga kuona chimwe chinhu chichikambaira pachikwenzi. Ndokutarisa mhiri, pane chimwe zvakare. Mushure mechinguva, dzanga dzazara zvekuti hawaigona kufamba madziri.

¹⁶⁷ Dzakabva kupi? Mwari ndivo Musiki. Vanoita chero zvaVanoda. Vanozvitonga. Vanogona kugadzira shi—shiri ine mapapiro anobva kudivi renyika kusvika—kusvika kune rimwe divi.

¹⁶⁸ Vakati, “Ngakuve nenhunzi, dzizadze nyika yese.” Pakanga pasina nhunzi munyika. Chekutanga munoziva, kanhunzi kakare kakatanga kubhururuka. Chekutanga, panga pava nesere kana gumi, gumi nembiri. Chekutanga munoziva, wainge usisagone kufamba nemadziri. Mwari, Musiki, vanochengeta Shoko raVo.

¹⁶⁹ Zvino akatambanudza tsvimbo yake, pakuraira kwaMwari, akati, “Matatya ngaauye afukidze nyika.” Zvino matatya

akauya kusvikira aita mirwi, mitutu, nekunhuwa kwese-kwese, kuda mafiti makumi mana kana makumi mashanu kukwira mudenga, emataty. Aiva mukabati ma—maFarao. Aiva mu . . . kupenengura jira rokufuka, uye paiva nemataty mazana mashanu pasi pejira rokufuka, pasi pemubhedha, muchikafu. Kwese kwavaienda, kwaiva nemataty, mataty, mataty. Akabva nekupi? Mwari, Musiki, anozvitonga. ZvaVanotaura, Vanozviita!

¹⁷⁰ Zvino Vakati kuchaonekwa zvinhu zvinotyisa panyika. “Hwiza dzine vhudzi rinenge remadzimai,” vhudzi rakareba, kuzotambudza vakadzi avo vanogera vhudzi ravo. “Mazino anenge eshumba; dziine rumborera mumiswe yadzo, semarize; dzichazotambudza vanhu, kwemwedzi yakawanda.” Chingomirai kusvika tapinda pakuzarurwa kweMatenda neZvisimbiso izvozvo, naiyo Mitinhiro Minomwe, tarisai zvichaitika. Oh, hama, zviri nane uende kuGosheni pachiine nguva yekuenda kuGosheni. Usatarise kune izvi zvekunze.

¹⁷¹ Tarisai pano. Heuno mukadzi mudiki ari kuzvizvonyongotsa achidzika nenzira; heuno muchinda wechidiki, meso ake anozviona. Inhengo yekereke. MuPentekosti. Ari chero zvaari. Asi chinhu chekutanga munoziva, hapana mbiru yekubatirira imomo *umo*. Mukadzi anoti, “Mhoro.” Mukomana ane vhudzi rakamonana, uye mukomana wechidiki akaita sekunaka, aine mapendekete akatwasuka; zvichida akaedza kurarama zvakanaka. Mudzimai anotanga kufamba achiuya kwaari, pamwe muparidzi. Chinhu chekutanga munoziva . . .

¹⁷² Chii? Kunze *uku*, chishuwo chenyama; zvino mweya uri pakadzika *umo*, zvakadaro wakazodzwa, uchiti, “Usazviite, usazviite.” Asi unoitai sei? Unofamba wotenderera, wobatirira, heuyo woenda. Chekutanga munoziva, ari kuedza kufambidzana naye. Ane mhosva yekuita hupombwe, zvisinei kuti amubata here kana kwete.

¹⁷³ Asi, mwanakomana waMwari wechokwadi, akazvarwa patsva! Ameni! Haugone kuzviita pachako. Hazvigoneki zvachose kuti mu—murume ane ropa dzvuku apfuure pamberi pemukadzi akadaro, porega kuva nechimwe chinhu chinotora nzvimbo. Asi kana paine chimwe Chinhu chiri mukati; chimwe Chinhu chidiki chiya chakazvarwa patsva *umu*!

¹⁷⁴ Kunyange murume iyeye angange akadanidzira, akataura nendimi, akasvetuka, akatamba, nezvimwe zvese, akazodzwa neMweya; akaita zviratidzo nezvishamiso zvese zvakaturwa naMwari imomo, neMweya waVo! Jesu akati, “Vazhinji vachauya kwaNdiri nezva iroro, voti, ‘Ishe, handina here kuporofita muZita reNyu? Handina here kudzinga madhimoni muZita reNyu? Handina here . . .’” IYE akati, “Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama.” Kusarurama chii? Chimwe chinhu chaunoziva kuti unofanira kuita, asi worega kuchiita. “Ibvai

kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama; haNdina kumbobvira ndakakuzivai.”

¹⁷⁵ Asi pakadzika mukati memunhu iyeye, kana kambiru kekuzembera kaye karimo, Mbeu iya yaMwari yakafanotemerwa nyika isati yavambwa; handina basa kuti chii chinoitika, inomubata. Iripo nekusingaperi.

¹⁷⁶ Ndokusaka mukadzi iyeye achipfeka zvikabudura. Anoverengerwa sechipfeve, semukadzi mumwe chete ari kutozviita. Maona? Haazive kuti mweya iwoyo... Anozviziva sei? Mhedziso yake.

¹⁷⁷ Mhedziso chii? Ndiro shoko rekupedzisira. Mhedziso ndiyo ameni. Ndiwo magumo egakava rese, mhedziso yako.

¹⁷⁸ Zvino kana chechi yako, chechi yechiPentekosti, inokuudza kuti, “Vhudzi rakareba nezvimwe kungori kupengereka. Une vhiri resipeya, kuseri kwemusoro wako,” nezvakadaro, zvinhu zvakadaro izvozvo, munhu iyeye akazodzwa nadhiyabhorosi.

¹⁷⁹ Nokuti, Shoko raMwari rakati, “Zvinoyadzisa kuti mudzimai agere vhudzi rake. Haaremekedzi musoro wake.” Kana akasaremekedza murume wake, zvino murume wake ndiyo Kereke, uye Kereke ndiKristu, chipfeve chezvinamoto chisina ruremekedzo; haana kusimira uye asingazvizive. Haana kusimira! Bhaibheri hariti here, “Chifukidzo chemudzimai ivhudzi rake”? Vhudzi rake harina kupiwa kwaari sechifukidzo here?

¹⁸⁰ Rimwe zuva, mhiri paDendemaro reKutongwa! Ndakaedza kudururira Mushonga mukati, ndokuUbata nemaoko angu, uye mukaUsvipa nepakati peminwe yenyu. Mwari vachavatonga rimwe zuva. IZVANZI NAJEHOVHA. Rakanga risiri boka rakapusa, kana imwe harahwa inopenga ine manyawi. Handizvo. Nokuti, iShoko raShe.

¹⁸¹ Zvino Mukristu chaiye, wechokwadi anowirirana nemunhu wemukati uyu, Mweya uya waiva kumashure uko pakutanga, unova Shoko.

¹⁸² SezvaAiva huzaro hwenyu mese, maiva maAri shure uko paKarivhari. Akafanoziva kuti waizova pano. Akangozivisa zvaizoitika. Zvino waiva maAri; wakafa naYe. Wakafa mukuzvitutumadza kwako, wakafa kumafashoni ako, wakafa kune nyika. Paya iYe... Wakafa pamwe naYe muKarivhari, uye ukamuka naYe paAkamuka zvakare nezuva retatu. Uye nekuti wakazvigamuchira, zvino wakagara munzvimbo dzeMuchadenga munaKristu Jesu. Hareruya!

¹⁸³ Hezvoka kwamuri. Ndiye munhu uya wemukati. Wemukati iyeye ndiye anodaira kuShoko, akabatarira paShoko, zvakangodaro. Haugone kuzvibatsira. Ndakazvidzidza, makore akawanda apfuura.

184 Mwana wangu akarara pano, achifa. Mudzimai wangu akarara apa mu...mu—mumochari, aiswa mishonga yekuchengetedza akaradzikwa imomo. Vakandidana kunze ikoko, zvino Sharon akanga ave kufa. Ndiwo muyedzo mukurusa wandati ndambosangana nawo muhupenyu hwangu. Ndaiva nemakore angaita makumi maviri nemashanu ekuberekwa. Ndakafamba kunze uko, uye Billy Paul akarara pedyosa nerufu.

185 Doctor Sam vakauya, vakati, “Bill, handifunge kuti tiri kuzoponesa Billy. Uye ini...” Vakati, “Akaipisisa kwazvo.” Vakati, “Bill, ndinokunzwira urombo kwazvo.” Vakandimbundira.

Ndikati, “Chiremba, handichina simba.”

186 Mushure memaawa mashoma, ndakamufonera, mucheche wangu, Sharon, ndakamumhanyisa ikoko, ivo...kunomuona achigwinha-gwinha; kwaisamira. Vakaisa tsono mubhonzo rake rekumusana; vakaribaya, ndokuunza chiratidzo chacho, tubercular meningitis. Ndizvo zvega.

187 Ndakavheya munzira yangu kuenda kuchipatara; ndokumisa rori yangu yakare kunze uko, ndikabuda ndokutanga kufamba ndichidzika kuenda kune kamuri yacho. Hepano pakauya Sam achidzika nemumupanda, akaisa nguواني yake muruoko rwake, achichema, ndokundimbundira neruwoko rwake, ndokuti, “Huya udzokere, Bill.”

Ndikati, “Ko chii?”

Zvikanzi, “Haugone kumuona.” Akati, “Ari kufa, Bill.”

Zvino ndikati, “Kwete, Sam, kwete mucheche wangu.”

188 Akati, “Hongu.” Akati, “Usatombomukumbirira, Bill. Kana akazorarama,” zvikanzi, “anezenge achitambudzika.” Akati, “Anozogara akaurungana, uye anozogara achitambudzika hupenyu hwake hwese.” Akati, “Ane meningitis.” Zvikanzi, “Usaende kwaari; u—unobva wangouraya Billy nekuzviita.”

Ndikati, “Sam, ndinofanira kumuona.”

189 Akati, “Haugone kuzviita, Bill. Ndi—ndinokurambidza. Zvino, unoziva kuti ndinofunga pamusoro pako zvakadini, uye uri sahwira wangu nezvese,” akati, “ndinofunga zvakadini pamusoro pako,” akati, “uye kuti ndinokutenda zvakadini, Bill,” akati, “asi usa—usaende kumwana iyeye.” Zvikanzi, “Kana ukazviita, . . . Meningitis iri paari.” Maona? Akati, “Achange afa mumaminitshi mashoma, uye,” akati, “unogona. . . tichamuviga.” Akati, “Bill, ndiri kungokunzwira urombo kwazvo.”

190 Zvino akafona, ndokutaura, akadana mukoti, kuti andiwanire imwe mhando yemushonga. Akati, “Handizive kuti murume yu ari kukwanisa kumira sei.”

191 Ndakamirapo kwechinguvana. Akaunza mushonga. Ndakagara pasi, mumupanda. Akati, “Gara.” Zvino mukoti akauunza, ndokuti, “Inwai yu, Hama Branham.”

¹⁹² Ndikati, “Maita henyu. Chingouisai apo kweminiti.” Paakabuda saizvozvo, ndakaudururira mune pekusvipira; ndokugadzika girazi pasi zvakare.

¹⁹³ Ndakagara ipapo. Ndokufunga, “O Mwari, chii chandakaita? Muri Mwari wakanaka. Sei makaMurega achifa, rimwe zuva, ini ndakabata maoko ake maviri madiki saizvozvo?” Ndichimukumbirira kwaAri. “Sei Makaita kuti aende? Heuno Billy akarara apo, ari kufa; uye hepano paari mwanasikana, ari kufa. Chiiko chandakaita? Ndiudzei! Saka, ndochitongoenda hangu navo zvakare.”

¹⁹⁴ Ndakazarura gonhi, pakanga pasina mukoti aivamo. Ndakaverevedza kupinda muimba yepazasi. Ndepaya chipatara chisati chagadziriswa. Maskirini, kwaisava nemaskirini pamahwindo, zvachose, uye nhunzi pamaziso ake madiki. Paiva nekachidimbu kemutanda weumhutu, sezvataiudana, mambure akavhariswa kumeso kwake. Ndakadzinga nhunzi; akarara ipapo. Maziso ake madiki, ainge arwadziwa zvakanyanya kusvikira akanga apesana.

¹⁹⁵ Zvino Satani akaswewera ndokuuya parutivi rwangu ipapo, akati, “Wakati Aiva Mwari akanaka here?”

Ndikati, “Hongu, ndakadaro.”

¹⁹⁶ “Wakati Aiva Mupodzi here? Zvakanaka, sei baba vako vakafira mumaoko ako mhiri uko, uye uri kudana, ivo vari mutadzi, uchidanira hupenyu hwavo? Sei munin’ina wako akafira mumaoko emumwe munin’ina wako, kunze uko, iwe wakamira papurupiti uchiparidza, mavhiki mashoma apfuura?” Ndokuti, “Zvino sei Asina kukupindura? Wakati Akakuda ndokukuponesa.”

¹⁹⁷ Aisagona kundiudza kuti hakuna Mwari, nekuti ndakange ndatoVaona kare. Asi aindiudza kuti Vakanga vasina hanyin’ani.

¹⁹⁸ Ndokuti, “Hapo pavete mudzimai wako. Vacheche vako vachange vari ipapo nenguva pfupi. Baba vako vakavigwa. Munin’ina wako akavigwa. Mudzimai wako ari kuzovigwa zvino, mangwana. Uye heuno mumwe mwana wako, ari kufa. NdiMwari wakanaka? Heh? Mupodzi?” Akati, “Wazviita muto pachako!”

¹⁹⁹ Zvakaitei? Kubva . . . zvaiva zvoshanda kubva kunze, zvino, kumunhu uyu wekutanga.

²⁰⁰ Ndokuti, “Zvino tarisa. Unoziva, pawaiva makore mashoma apfuura, makore angaita maviri kana matatu apfuura, usati wagamuchira iZvi, waifungwa zvakanaka pamusoro pako nevanhu. Wairarama hupenyu hwakanaka, hwakachena. Musikana upi zvake muguta, aida wokufambidzana naye, aifambidzana newe, nekuti vainzwa kuchena nekudzikama.” Ndaigona kumira pamberi pechero mumwe wavo. Handina

kumbobvira ndatuka mumwe chete, handina kumbobvira ndataura chimwe chinhu. Kunyange akaita seakangwara, ndaimuendesa kumba. “Uye waifarirwa pakati pevanhu. Asi chii chawava zvino? Mupengereki wekunamata.”

²⁰¹ “Ndizvozvo. Ndizvo zvandaiva.” Munoono zvinhu izvi zvichitanga kufambidzana pamwe chete? Zvekunze, kufunganya kwemweya, zvichifambisa zvinhu izvi pamwe chete. “Ndizvozvo, Satani.”

“Uye wakati Aiva Mupodzi here?”

“Hongu. Hum. Ehe.”

²⁰² “Zvino iwe uchikumbira nekuchema, vanhu vachikuudza kuti hazvisiri izvo, kuti wakararika. Kereke yako yakakudzinga, nokuda kweiZvi. Kereke yako iwe yeBaptisti zasi uko, yakakubuditsa nepamusuwo, nekuda kwechikonzero chimwe chete ichocho.”

“Hongu.”

²⁰³ “Baba vako vakavigwa. Munin’ina wako akavigwa. Mudzimai wako akarara apo, kuti agovigwa. Heuno mwana wako, anongorine maminitsi gumi nemashanu ekurarama uye achange aenda. Zvino iVo Mupodzi? Nyama neropa zvako pachako; Shoko rimwe chete kubva kwaAri raigona kuponesa hupenyu hwemwana iyeye. ‘Iye Mupodzi,’ wakadaro. Vanhu vakaedza kukuudza. Muparidzi akakuudza kuti wanga wakangovhiringika; waiva uchipenga; waiva mupengereki wezvinamato. Uye ukati Vaikuda. Ivo Vangakuda?”

²⁰⁴ “Zvino wakachemera sei baba vako! Kuti, husiku hwakatevedzana, wakatsanya, uye paya iwe...kwayedza, pawaifanira kunamata, kuti ukwire pabango, kuti ushande. Zvino paye paVakavarega vachifa mumaoko ako, semutadzi.

²⁰⁵ “Kuti mudzimai wako, mukadzi anga akaisvonaka zvakadini, uyezve waizomudisa!” Mai vaBilly; vazhinji venyu munorangarira Hope. “Aiva musikana akaisvonaka sei! Maizofara kwazvo, kamba kenyu kadiki mhiri uko; kaiva nezvigaro zvemadhora angaita manomwe kana masere, zvekugarira zvamaiva nazvo, asi zvakadaro waimuda; uye iwe...uye maidanana. Zvino wakaenda kunonamatira vamwe; uye, mamwe manyawi ezvepfungwa, vakasimuka ndokufamba vachienda vachiti vaiva vanaka. Asi zvino mudzimai wako pachako; uye heuno, akafa, rava zuva rechipiri zvino, akarara muimba yemuchengeti wezvitunha zasi uko, Scott and Combs. Mupodzi? Heh?”

²⁰⁶ “Zvino mukomana wako mudiki akatarisana nerufu, Billy Paul, ane mwedzi gumi nesere yokuzvarwa. Uye musikana wako mudiki, aine mwedzi misere yokuzvarwa, akarara pano, achifa, nemeningitis. Zvino uchangobva kunamata; uye Mwari vadhonzero chidzitivo pasi, ndokuti,

‘Nyarara!’ Handinzwe, handisi kuzokunzwa, zvachose! Vakufuratira. NdiMwari wakanaka? Heh? Vanokuda? Zvino musikana wese wawakambofambidzana naye, mukomana wese wawakambowadzana naye, shamwari dzako dzepedyosa, dzakafamba kubva kwauri semupengereki wezvinamoto.”

²⁰⁷ Zvinhu zvese zvaaindiudza zvaiva chokwadi. Zvinhu zvese zvaaitaura, zvanyatsopindirana, munoona, *apa*. Ndakanga ndatoda kugadzirira kuti, “Zvino ini, kana ari iwo maitiro aVada kuita, zvino handisi kuzoVashumira.”

²⁰⁸ Zvino pandakangodaro, pane chimwe Chinhu chakabva kumwewo kunhu, pakadzika-dzika mukati. Ndokuti, “Ndiwe ani, kubva pakutanga? Mwari vakapa, Mwari vatora.” Munoona, ndiye munhu wemukati, haashandise njere zvachose.

²⁰⁹ Ndakatarisa kumashure, ndokufunga, “Ndakauya sei panyika? Ndakabva kuboka rezvidhakwa. Ndakasvika sei pano? Ndiani akandipa hupenyu? Ndiani akandipa mudzimai iyeye? Ndiani akandipa mwana iyeye? Mudzimai wangu akabva kupi? Hupenyu hwangu hwakabva kupi?” Ndikati, “Kunyange Akandiuraya, zvakadaro ndichavimba naYe.”

Ndikati, “Ibva kwandiri, Satani!”

²¹⁰ Ndakaisa ruoko rwangu pamusoro pemwana. Ndikati, “Sharon, mudiwa, ndichakuisa pamaoko amai vako mumaminitsi mashoma, apo Ngirozi dzaMwari padzichauya kuzokutora, asi rimwe zuva baba vachakuona zvakare. Handizive kuti zvichaitika sei, mudiwa. Handigone kukuudza kuti sei; paVanondipira musana waVo vakafuratira, vasingambondinzwa kuitira iwe.”

²¹¹ Vakarega mudzimai wangu achifa, zvino ini ndakamubata maoko, ndichimuchemera. Uye baba vangu, mumaoko avo, vakafira paruoko urwu *pano* chaipo; vakanditarisa, vachiedza kufema. Zvino ndakanamata zvine simba sekukwanisa kwangu kwese. Ko ndaizotarisa neruzhinji zvakare sei, kuti ndiparidze kupodza kwaMwari? Ko ndaigoparidza sei kuti Aiva Mwari wakanaka, vorega baba vangu chaivo vachifa, vari mutadzi? Ko ndaigozvaparidza sei? Handizive kuti sei, asi ndinoziva kuti Vakanaka.

²¹² Shoko raMwari harimbofa rakakundika. Rinokunda, hazvina basa kuti chii. Zvadaro ndakaziva kuti paiva nechimwe Chinhu mukati mekufunganya kwese uku, chimwe Chinhu mukati memanzwiro ese aya, zvimwe zvese saizvozvo. Paiva neMunhu wemukati akaramba akabatirira panguva iyoyo. Hapana chimwe chinhu chingadai chakazviita; chikonzero chese, zvinhu zvese zvaikwanisa kuratidzwa, zvinhu zvese zvaikwanisa kuratidza kuti Raiva rakarasika, uye ndaiva ndakarasika. Asi Shoko raMwari, rakafanotemerwa nyika isati yavambwa, rakaramba rakabatirira mukati.

213 Ndakanzwa kaMhepo kachipinda nemuchivakwa. Mweya wake ndokuenda kunosangana naMwari.

214 Hama, hanzvadzi, rega ndikutaurire, ndiCho chinhu chega. Usaedza kuZvifunganya. Usaedza kuva nevhudzi refu nekuti ndataura kudaro. Usaedza kuita zvinhu izvi kungoti, nekuti, munyama yako. Usaedza kuzviita, kungoita sekuenderana. Asi chingomira pamberi paShe, kusvikira Chimwe chinhu mukati pakadzika!

215 Vazhinji venyu munofunga kuti, nekuti mune vhudzi rakareba, zvinoreva kuti muri kuenda Kudenga. Hazvireveri kudaro. Vazhinji vavo vanofunga kuti, nekuti uri mukadzi akanaka, ane tsika, uri kuzo . . . ? . . . Hazvirevi kudaro. Vazhinji vavo vanofunga kuti, nekuti kereke dzavo, uye inhengo dzeiri, neiri mapoka makuru, nevanachiremba vakuru veBhaibheri. Hazvirevi kudaro. Maona?

216 Vazhinji vanofunga kuti, nekuti vanotaura nendimi, vane Mweya Mutsvene. Hazvireve kudaro. Kunyange hazvo, Mweya Mutsvene unotaura nendimi. Asi kusvikira Mweya Mutsvene chaiwo uya, wechokwadi imomo ukaenderana neShoko rose! Kana Mweya Mutsvene iwoyo mauri, unokuita kuti utaure nendimi, ukatarisa shure uko uye worega kuenderana neShoko rimwe rese, zvino mweya usiri iwo. Maona?

217 Zvinofanira kubva mukati, rinova Shoko, kubva pakutanga. “Pakutanga kwezvisikwa zvaMwari,” Mwari pavakatanga kusika, kukuita kuti uvepo, munoono. Wakatanga shure uko sembeu, ndokushanda kusvika pauri izvezvi. Uye, zvadaro, mese maiva muna Kristu. Zvino Kristu paakafa, Akafa kuzokudzikinurai mese. Uye muri chikamu cheShoko iri, zvino zvingaita sei . . . kuti Bhaibheri, rese zvaRo! “Chirevo pamusoro pechirevo, mutsara pamusoro pemutsara; pano zvishoma, apo zvishoma.” “Hapana kana donhwe kana chibodzi chichakundika.” Zvingambova sei kuti iwe, uri chikamu cheShoko, worega kuwirirana naRo rese, kana chero chipi hacho chikamu chaRo?

218 Mwari vakuropafadzei. Ndapfuurira nguva zvino. Ndanga ndisingareveri kuita izvi, kukuchengetai kwenguva yakareba kudaro. Ndine urombo, kuti ndakuchengetai; kwete kukumbira ruregerero pane zvandataura.

Tiri pakuguma chaipo pechimwe chinhu, shamwari.

219 Imi mese pano, ndinofungidzira, mungori nhengo pano dzekereke. Handiwanzosvika, nenguva, kuti ndione kuti inhengo dzipi dziripo. Ndinofungidzira kuti mese munogara muchiyaya pano. Regai ndikuudzei chimwe chinhu chakaitika. Mungavawo here, toti, nemampe maminiti matanhatu? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

220 NdiMufundisi VaO. Walker pano here kubva kuOregon, vaiva pano musi—musi weSvondo uya pandaiva pano? Pane munhu angaziva? Chaiva chinhu chikuru, chinoshamisa.

221 Ndakauya zasi kuno, kwaiva nevanhu vakawanda, ini—ini ndaiva . . . ndaiva nemurwi wehurukuro, uye imwe neimwe yadzo yakakodzera; mukomana wavo, vana, vakarooro, zvidhakwa, ne—nezvinhu zvakasiyana, uye zvaingova zvinhu zvakakodzera. Mumwe nemumwe wavo aifanira kunge akaonekwa. Handigone kuita zvese izvozvo. Zvino ndinokuisai kuna Mwari, ndoisa maoko angu pamusoro pazvo, mumunamato. Ndikati, “O Mwari, ini—ini handigone kuzviita. Endai kwavari, Ishe, itai. . . Munoziva maitirwo azvo. Ndinonamatira kwumwe nemumwe.”

222 Billy akandifonera. Zvino ndanga ndichangopinda naHama Banks. Akati, “Baba, kana imi. . .”

223 Zvino, tarirai, ndinoona vanhu vachityaira vachipfuura kunze uko dzimwe nguva, munzira, vodongorera. Zvino ini ndinotarisa kwavari, zvino ndovavheyesera ruoko seizvi, uye ivo—ivo vanopotsa vacheuka. Handidi kuti mudaro.

224 Rimwe zuva pavanga vari mubishi kutenga nzvimbo iya uko kuTucson kuti ndigare mairi, Hama Tony vaiva nenzvimbo yavaida kunditengera, kwemutengo unopfuura nzvimbo ino katatu kana kana. Vaitoda kutoisa zviuru zvakati kuti zvemadhora kwairi, pachavo. Asi nzira yega yaunopinda nayo imomo, paiva nemutariri wegedhi aiva akamira kunze ikoko. Huru yakakura. . . Zvino, kwakawedzerwa ikoko. Asi ani. . . Vanhu vanogara ikoko, unofanirwa kuwana tsamba yemvumo, zvino mutariri uyu wepasuwo anokudana kana zvakanaka kuti vapinde.

225 Ndikati, “Ungafungidzire here, ini, hama nehanzvadzi dzangu vanouya kuzondiona, vanoda kukwazisa ruoko rwangu nekukumbira maropafadzo aMwari pandiri, ungambofunga kuti ndingazviise imomo, Tony?”

Akati, “Zvakanaka, mune. . .”

226 Ndikati, “Tony, nzira iyo chechi nevamwe vese vanoita kuti vanhu vasauya,” ndikati, “ndezeve vanhu avo vane zvese zvavanoda kuti ndiite.”

227 Ivo, vanoti, “Zvakanaka, Ishe vandiudza. Hareruya! Ndiri kuzogara pano. Kubwinya kuna Mwari! Ishe vandiudza kuti unofanira kuve nemusanganano mhiri uko muboka redu. Hongu, changamire, kubwinya kuna Mwari! Mwari vakandiudza kudaro. Kana mukasazviita, Hama Branham, makanyatsa kudzokera kumashure.” Ini ndiri imomo ndichiedza kunzvera, munoono. Ndizvozvo, munoono. Zvino vanhu vazhinji vakanaka vanokundika, pakupinda, nokuda kwaizvozvo.

228 Sezvakangoita murume anoenda kundovhima kunze uko papurazi. Sapurazi oti, “Pinda hako. Unogona kuvhima.”

Zvino wopinda imomo wopfura imwe yemombe dzake; tsuro inomhanyira pasi pemombe yake, wongopfura tsuro, zvakadaro. Wokwira fenzi, pachinzvimbo chekuenda nepabango wokwira nepamusoro sezvinoitwa nemunhu kwaye; wokwira pafenzi woidambura sezvizvi. Maona? Zvino iye anoti, “Ndave kuvhara nzvimbo yacho!” Handi—handimuwanire mhosva kana nepadiki, nepadiki pose. Zvakanaka, anoitei? Anoita kuti muvhimi akanaka asauye. Ndizvo zvazvagara zviru. Huipi hunoita kuti zvakanaka zvisawane mukana. Nguva dzese.

229 Zvino, asi vanhu ava, zviuru vane zvavanodisa kuwana uye vanhu vakanaka, vanhu vane rudo, vazere nenyasha dzaMwari.

230 Zvino tine izvi, kuti vanhu ava vanouya saizvozvo. Isu hatidi, hatidi izvozvo, kwete.

Asi murume uyu akauya . . .

231 Billy akati, “Mhanyai zasi izvezvi, nekukurumidza, baba.” Ndokuti, “Mai Waldorf vari zasi kuno nevamwe vanhu vari kufa; munofanira kuvaona izvezvi.” Ndakamhanyirapo; ndokudzika pano.

232 Zvino pakudzoka, vakati, “Hakuna munhu zasi kuno kunze kwemurume akarara parutivi rwedivi, kunze uko, papiro mazuva ese, parutivi rwechivakwa.” Vakati, “Anoda kuti mumunamatire.”

Ndikati, “Zvakanaka.” Ndikati, “Ndichamuisa mukati.” Ndakapinda.

233 Paiva, ndinofunga, neCadillac yakagara shure kuno kumashure, kana imwe mhando yemotokari hombe. Ndakatyaira ndichipinda, yaiva . . . Zvino murume iyeye akati, “Makadini.” Aisandiziva.

234 Ndakafamba ndichipinda. Zvino Hanzvadzi Waldorf, wakare ainzvisa tsitsi, akapinda. Munoziva, ivo . . .

235 Munoziva nyaya yavo, hamudaro here? Munoono, vaiva nekenza; vakafira mumutsara wekunamatirwa, kwenguva ingaita awa ndisati ndasvika kwavari. Chiremba wavo akauya, ndokuratidza . . . Ava makore angaita gumi nemasere apfuura, kenza yemoyo, munoono, uye vari kurarama nhasi. Zvino vari kugara kuArkansas zvino.

236 Zvino vaiva kuPhoenix, ipapo. Zvino vakati, “Hama Willie, handina kufarira kuuya seizvi, asi,” vakati, “ndanga ndisina pekugara. Ivo va . . . Vataura kuti mu- . . . mudzimai uyu ari kuzofa. O, Hama Willie!”

237 Vakati, “Ndanga ndichida kukuunzirai kamupiro muruoko rwangu, Hama Willie,” ndokuti, “asi handina kukwanisa kuzviita. Asi ndaisa jamu reblackberry mugaba.”

238 Oh, pandakaenda ikoko kunoona magirazi ejelly avanga vagadzika ipapo, ini . . . raitoratidzika kuyereswa zvakananyisa

kuti ndiridye. Maona? Mudzimai akwegura anodikanwa iyeye, ane makore angaite makumi manomwe. Ndikati, “Hanzvadzi Hattie. . .” Nda—ndaisagona kuti kwete. Kwete. Jesu akaona shirikadzi iya ichiisa makobiri matatu, zvino iYe—iYe—iYe akamurega akadaro. Maona? Kwete. Mwari vachavaropafadza nokuda kwazvo. Hongu.

²³⁹ Zvino saka Ishe vakapodza mudzimai iyeye, ndokupodza zvese zvaaiwa nazvo, ndokuzarura kumufudzi wake izvo iye, mudzimai, aiva nazvo mupfungwa dzake, zvaanofanira kuita, chimwe chinhu. Uye, o, vese vakabuda, vachidanidzira.

²⁴⁰ Zvino Billy akamhanya ndokupinda. Akati, “Baba, murume uya aenda. Handigone. . .”

Ndikati, “Ndiani uyo ari kunze uko mumota?”

²⁴¹ “O,” akati, “mumwe muchinda abva kuOregon, ati ane imwe mhando yehope. Ndikamuudza kuti, ‘Handingambokupa tariro yenhema. Pane mazana matatu pano, vakamirira iye zvino.’” Ndokuti, “Uye ndamuudza, ‘Chingonyora hope dzacho.’ Akati, ‘Ndine murwi wadzo muno, wakareba *kudai*, zvisinei, ndangoiwedzera kwauri.’”

Ndikati, “Muunze muno. Mupe maminiti mashanu.”

²⁴² Zvino, mushure mekunge murume iyeye apinda, maminiti mashanu? Akati, “Ndini Rev. Walker,” ndinofunga ndiro raiva zita rake, “wekuOregon.” Ndinofunga kuti ndewerimwe sangano, handizive, Presbyteriani, Presbyteriani imwewo.

²⁴³ Akati, “Ndakasangana nemi makore angaita makumi maviri apfuura. Ndakauya kuGrants Pass uko imi. . .” Kwete Grants Pass, asi ndakanganwa zita renzvimbo yacho. “Ikoko,” akati, “nyika yese, misoro yenyaya mumapepanhau mangwanani ega-ega.” Akati, “Munhu wese aiziva pamusoro pazvo.” Akati, “Handina kana kutombokwanisa kusvika pachivakwa chamaiva, asi ndakakuonai muchikwidza. Zvino rimwe zuva, mumugwagwa, ndakafamba ndokuuya,” akati, “varume vana kana vashanu vaiva vakakukomberedzai, zvino ndakakugwinhai chishanu. Zvino imi. . .Ndakakuudza kuti ndaiva Hama Walker, mukandiudza kuti maiva ani.” Akati, “Takaita nhaurirano pfupi, asi zvararo varume vatatu kana vana vakakura vakangokusundirai mberi.” Akati, “Ndakanga ndisiri mushoropodzi wenyu, uye ndakanga ndisingakutsigirei.” Akati, “Ndaisangonzwisisa.”

²⁴⁴ Akati, “Zvakaenderera nenzira iyoyo kwemakore akati kuti, mushure mechinguva,” akati, “ini. . .mumwe murume akandiudza kuti ndiuye kuzoteerera mamwe matepi, makore angaita matatu apfuura.” Uye akati, “Murume iyeye akaridza matepi aya. Zvino, paakadaro,” akati, “ndakamunzwa achitaura.” Akati, “Murume uyu aitenda kuti maiva mu—muprofita. Ndikati, ndakaudza murume iyeye, ‘Handizive

pamusoro pezvinhu izvo; zvinogona kudaro, pakuziva kwandinako.”

245 Saka, akati, “Zvino mumwe murume akauya akapinda muguta redu, akava nemusangano, ndikasangana naye. Uye iye akati, ‘Ndini muprofitwa waMwari wezuva rino.’”

246 Akati, “Vangani venyu machinda imi varipo, zvino?” Akati, ‘Ndi—Ndi—Ndinonzwa pane murume zasi kuno ari kuteerera matepi, akati, “William Branham, shure kumabvazuva, aiva muprofitwa wezuva,” nezvinhu zvakadaro.’”

247 Iye akati, “Murume uyu. . .” Handisi kuzodana zita rake, nekuti hazvinyatsoita zvakanaka, pano, munoono. “Akati, ‘Ndinoziva William Branham,’ akati, ‘asi iye akatsveyama zvachose muDzidziso yake.’ Akati, ‘Haasi wechiPentekosta; haatende muchiratidzo chekutanga.’ Akati, ‘Chimwe chinhu, anoti pane vaprofitwa vakuru nevaporofita vadiki. Hapana chinhu chakadaro.’ Akati, ‘Uri muprofitwa kana kuti hausi muprofitwa, uye ndizvo zvega.’”

248 Iye akati, “Zvakanaka, changamire, ini. . . handina kuita nharo nemi pamusoro pazvo. Ndangoti ndakanzwa murume uyu achiti, William Branham. . . uye kuti murume uyu aiti muprofitwa.” Akati, “Ndanga ndichingodza kufunga kuti kune vangani.”

249 “Iye akati, ‘Asi ndinoda kuti uzive izvi. Ndini muprofitwa wezera rino.’”

250 Akati, “Zvakanaka, uri?” Akati, “Mwari vakuropafadze uye vave newe.”

251 Akaenda mberi, haana kumbozviteerera. Akati akabva aenda mberi, pakati pehama dzake, misangano mitatu kana mina yakatevedzana. Zvino akaenda kuposvo, akati, “Musa—musachinja tsamba dzangu. Isiyei pano kusvika ndadzoka, mazuva angaita mana kana mashanu aitevera.”

252 “Zvakanaka,” vakadaro. Vakaisa tikiti ipapo, kuti isashandurwa.

Akaenda akandoona mwanasikana wake.

253 Zvino ari munzira, a—akamira pane imwe chechi. Akava neshumiro yemanheru iwayo. Mangwanani akatevera, akati akangotanga kufunga, “Enda unotora tsamba.” Uye paakadaro, imwe tsamba yakanga yanavira neposvo ndokusvika kumwanasikana wake; mwanasikana wake akatumirako, tsamba yemazuva ese.

254 Akaivhura. Akati aiva murume, VaHildebrandt, anova shamwari yangu, aiva murume uyo airidza matepi. Akati VaHildebrandt vaiva neshoko kubva kuna Roy Borders (zvino ndiye mumwe wemamaneja, munoziva), kuti ndanga ndiri kuzova nemusangano shure kuno, kubva musi wa twenty-eight kusvika musi wa wekutanga, agodzoka kuti azozvionera.

255 Akati, “Zvino, tarisai pano, machinda iwayo vachiedza kundidhonzera mune chinhu chakadaro!” Maona? Saka akangokandira tsamba yacho mubhini, ndokuenderera mberi, munoono, saizvozvo. Vakaenda mberi ndokuva nemusangano iwoyo manheru iwayo. Nemangwanani akatevera . . .

256 Zvino akatanga kubata moyo wake, akachema, mukamuri imomo chaimo.

257 Akati, “VaBranham, ndinocherechedza kuti ndichamira pamberi paMwari.” Akati, “Handizivi kuti ndanga ndakarara here kana kuti chii chakaitika.” Akati, “Ndakarota. Ndiri kuzoti ndanga ndakarara ndikarota hope.”

258 Akati, “Ndakafunga kuti mwanakomana wangu, muchitoro, akaisa ruoko rwake musa—saga.” Zvino akati, “Paakadaro, raiva saga remaapurosi, zvino ese akapinduruka.” Akati, “Pandakaanhonga, ese aiva maapurosi akasvibira akarumwa kamwe chete.” Akati, “Ndakanga ndiri kuanhonga, nokuadzosera musaga.” Akati, “Mamwe acho akakungurukira kunze, akakungurukira zasi, saka ndakaenda kunoedza kuatora, uye pasi . . . pauswa.” Akati, “Akakungurukira pasi peimwe yefenzi idzi dzecheni. Zvino paiva nemugwagwa mukuru wemhando yepamusoro waipfuura neimomo. Ndakatarisa shure kumabvazuva, zvino,” akati, “cheni yacho—yacho—yacho yaiva yakakochekerwa pa—padombo guru shure kumabvazuva. Zvino ndakadzokera ikoko, zvino ndakafunga kuti ndaigodzikisa cheni iyi, kuti ndiende kunotorera murume uyu maapurosi aya.” Akati, “Ndakatanga kudzikisa cheni.”

259 Akati, “Inzwi rakazunguza nyika yese.” Akati, “Nyika yese yakadengenyeke, pasi petsoka dzangu.” Uye ndokuti, “Mushure mekunge yamira kuzungunuka, ndakanzwa inzwi.” Zvino akati, “Hama Branham, raiva inzwi renyu,” akati, “ndakaziva; pane chimwe chinhu chakataura kudaro.” Akati—akati, “Rakati, ‘Ndichatasva muhwezva uyu zvakare!’”

260 Uye akati, “Ndakatanga kutarisa kumusoro kune dombo, *seizvi*, ndokutarisa mberi, kumusoro kwemakore. Zvino kumusoro ikoko, mumire padombo raisvika kubva kumabvazuva kusvika kumavirira, muchimiro chakatesva *seizvi*, sepiramidhi, romhanya kudzoka kumabvazuva, uye,” akati, “hepo maiva makamirapo, pabhiza randakanga ndisati ndamboona chinhu chakaita saichocho muhupenyu hwangu; bhiza guru jena, mvere chena dzakaremba pasi.” Ndokuti, “Maiva makapfeka saishe wechiIndia, muine zvinhu zvese zvinoshandiswa nemaIndia.” Akati, “Aiva akapfeka chidzitiro chechipfuva; naiwo mabhenguru ari pamaoko ake, uye zvese kudzika saizvozvo.” Akati, “Maiva makasimudza maoko enyu *seizvi*.” Akati, “Bhiza iroro rakamira ipapo sebhiza rehondo, richichirika *seizvi*, richifamba,” ini ndakangomira ipapo.

Ndokuti, “Makadhonza matomu, ndokutasva makananga kumavirira.”

²⁶¹ Akati, “ndakatarira zasi uko, zvino paiva nevesainzi vakawanda.” Zvino mangwanani akatevera..Waiva musi weMugovera. Mangwanani aitevera, ndakaparidza pamusoro pevesainzi, munoziva, pamusoro pekuva vadhiyabhorosi. Ndokuti, “Vesainzi vaidurura zvinhu mumachubhu, vozvisanganisa.” Akati, “Makamisa bhiza, ndokusimudza maoko enyu zvakare ndokudanidzira, ‘Ndichatasva muhwezva uyu zvakare!’” Ndokuti, “Nyika yese yakazungunuka. Vanhu ivavo vakazungunuka,” akati, “ndokutarisa mudenga vakatarisana, sezvizvi, ndokutarisa mudenga kwamuri. Vakangomhiza mapendekete avo, ndokuenda mberi nekunzvera kwavo kwesainzi.” Akati, “Makatanga kuenda makananga kumavirira.

²⁶² “Zvino pazvakadaro,” akati, “ndakaona murume uyu anozvidana kuti muprofito, munoziva,” akati, “akauya ari pabhiza raiva rakasanganiswa chena nenhema pamwe chete.” Zvino akati, “Akauya kumashure kwebhiza hombe iri.” Akati, “Raiva,” akati, “kumusoro-soro pamusoro pemakore, uye nzira yacho yanga isina kupamhamha kupfuura *apa*.” Uye akati, “Bhiza iroro raingotamba, zvichienderana nemhepo yaifuridza minhenga nezvese pa—pahanzu dzenyu,” akati, “zvadaro mvere dzebhiza nemuswe zvichibururuka. Bhiza guru rehunyanzvi, jena rakakura, richifamba mumutsara wakatwasuka.” Uye akati—uye akati, “Muchinda uyu akamhanya kumashure kwenyu, achibva nechekuCanada,” zvino murume wacho anogara kuCanada. Akati, “Dzoka, uye,” akati, “akatora bhiza rake diki, achiedza kukudubura bhiza renyu guru; achiritendeutsa; achiita kuti hudyu yaro zvirovere pa...” Akati, “Hazvina kumbofambisa bhiza guru iri; rakangoramba richifamba.”

²⁶³ Akati, “Zvino, kamwe-kamwe,” akati, “makatendeuka.” Akati, “Ndiko kaiva ketatu kamakataura, asi kepiri Makati ‘Ndichatasva.’” Uye akati, “Hamuna kutaura sezvamakaita. Makaraira.” Akati, “Makacheuka ndokudana murume wacho nezita, mukati, ‘Ibva pano! Unoziva kuti hapana munhu anogona kutasva nenzira iyi Mwari vasina kumugadza kuti azviite. Ibva pano!’”

²⁶⁴ Akati, “Murume iyeye akatendeuka.” Uye ndokuti, “Murume wacho akambondinyorera tsamba.” Akati, “Rakachinjika pazvidya zvebhiza rake,” riyu remavara matema nemapfumbu, akasanganiswa pamwe chete, akati, “rakachinjika pazvidya zvebhiza iri paiva pakanyorwa zita rake, manyorerwo chaiwo sezvazviri patsamba yake. Ndokubva atasva achienda kuchamhembe.”

265 Akati, “Zvino makaenda mberi; bhiza guru iroro rakatendeuka, mberi kumadokero sezvamaikwanisa.” Akati, “Makamira mukasimudza maoko enyu seizvi.” Zvino akatanga kuchema. Akati, “Hama Branham, kuona bhiza iroro rakamira ipapo; bhanire rese riya rehondo nezvese saizvozvo, uye,” ndokuti, “chifukidzo chechipfuva nezvese zvichivaima.” Akati, “Makasimudza maoko enyu kwechinguvana.” Uye akati, “Makatarisa pasi zvakare, ndokusimudza matomu, mukati, ‘Ndichatasva muhwezva uyu zvakare!’” Akati, “Nyika yese yakazungunuka kumberi nekumashure, sezvizvi.” Ndokuti, “Manga musisina hupenyu mandiri; ndakangowira pasi parutivi rwedombo. Ndokubva ndapepuka.”

Akati, “Zvinorevei, changamire?”

Ndikati, “handizive.”

266 Mangwanani akatevera. . . Junior Jackson, akarota hope dzepiramidhi, munoziva, pandakaenda kumavirira. Munozvirangarira? Akandifonera, mwedzi mumwe chete kana miviri zvisati zvaitika. Aiva nehope dzaimunetsa kwazvo; aitoda kundiudza. Zvino ndikati, “Billy. . .”

267 Paiva nevangaita makumi maviri vaive vakamira kunze ikoko. Akati, “Junior Jackson, ari zasi uko, ati anoda kukuudzai hope dziya.”

Ndikati, “Muunze, kwemamitsi angaite mashanu bedzi.”

268 Akaunza mudzimai wake, uye, akati, sechapupu. Akati, “Ndakarota hope, Hama Branham, ini nemudzimai wangu taiva kunze tichitasva.” Uye akati, “Ndakatarisa shure kumabvazuva, ndikaona, zvaiita sekunge, donhwe, sezviya zvindiro zvinobhururuka.”

269 Munoono, nyika haizive kuti izvozvo chii, munoziva. Munoziva kuti zviri kuitika. Tinoziva zvazviri. Maona? Tinoziva kuti iNgirozi dzekutonga, dziri kuongorora, munoono. Zvino kuti kuPentagon nekweise, kuti zvinonyatsouya sei pasi; nehuchenjeri, kuti zvinogona sei [Hama Branham vanoridza minwe yavo kamwe—Mupepeti.] zvoenda sekuvaima, kubva kune chero chinhu chavainacho. Munoono, havacherechedzi kuti chii, munoono. Ngavafunge chero zvavanoda. Vanozviti zvindiro zvinobhururuka, kana chero. Havazive, maona.

270 Akati, “Ndakachiona chichiuya, ndokuchitarisa. Zvino zvazvaiva, aiva murume ari pabhiza.” Akati, “Aiuya nekumhanya kunenge kwemheni.” Akati, “Ndakaona kuti aizouya achidzika pamberi pangu. Ndikamisa motokari yangu, ndokusvetukira kunze. Pazvakadaro,” akati, “mota. . .bhiza raive rakamira mumugwagwa, bhiza guru rehondo raifamba richifora.” Ndiro Shoko racho, handiti, munozviziva, richifamba richifora.

271 Akati, “Paiva nemurume aiva akagara ipapo.” Akati, “Iye—iye akange akapfeka hanzu dzekumadokero; aisava mukomana wemombe, asi,” ndokuti, “aiita saishe wevatariri vemombe kana chimwe chinhu.” Munoono, masimba ake ese ehushu, kubva kumadokero; maIndia pamusoro pemaIndia; vatasvi vanotarira pamusoro, munoono. Ndokuti, “Murume wacho anga akadzikisa nguwane yake, uye aiva . . . akatarisa kurutivi.” Uye akati, “Paakatarisa kudivi,” akati, “aiva imi, Hama Branham.” Akati, “Hamuna kumbotaura sezvamakaita. Makati, ‘Junior!’” Ndokumudana katatu. “Mukati, ‘ndichakuudza zvekuita.’” Akati, “Zvino makadhonza matomu ebhiza iri. Makaita sekuchirika katatu, ndokuenda kumatenga, zvino makabva maenda makananga kumadokero.”

272 Akati, “Kweminiti, ndakatarisa-tarisa, zvino pakauya rimwe bhiza duku pane riya, rerudzi rimwe chete, asi raiva diki, rikamira.” Ndokuti, “Ndakafamba ndichitenderera, ndikati, ‘Vanofanira kunge vanditumira iri.’” Akati, “Ndakaritasva.” (Junior akambotasva zvishoma, zvakare. Iye akati, “Munoziva kuti saduru yenyu inokukwanai sei, Hama Branham, pekutsika nezvese?”) Akati, “Ndakafunga, ‘Zvakanaka, iyi inonyatsa kundikwana zvakanaka.’ Saka ndakadhonza matomu, ndokuenda ndakananga nemuchadenga.” Akati, “Ndakadhonza matomu ndokurimisa, ndikarukomutsa ndokudzokera. Maona? Pandakadzokera,” akati, “ndakamisa bhiza, ndokuburuka, ndokutaura kumudzimai. Bhiza rakanga raenda.” Zvino iye . . . ? . . .

273 Zvadar, kuswera zuro, mazuva matatu apfuura, kwakauya Leo Mercier, achiuya nehope dzimwe chete dzo, pasina chaanoziva pamusoro pazvo; pamusoro pekuedza kusanganisa mukono webhiza guru jena nehadzi dema, zvino vakatadza kuzviita; achihuta-huta. Akati ndakafamba kuenda ikoko, ndikati, “‘Leo,’” ndokumuudza zvandakaita. Handidi kuzvitaura pano, munoono, asi ndakamuudza zvandakaita. “Ndikati, ‘Haisi kuona here? Zvino, kuviza izvi; handina kuviza kuti Ed Dalton aiva nemukwasha, uye mukwasha uyu aiva nembwa ine zita iroro. Uchaziva, Leo, kuti uri kurota hope. Asi, pauchamuka, zvirangarire!’” Uye akati, “Handisati ndambonzwa kuraira kwakadaro.”

274 Nenguva iyoyo, Roy Roberson akapinda, akati, “Hama Branham, munorangarira kare uko musati masiya chechi pekutanga? Taiva . . . Ndakakuonai makagara, sekunge kuPalestine. Taiva tese, bhodhi nezvese, taiva takagara sepatafura yechirairo chaShe, zvino makataura. Uye imi . . . Aisava nechokwadi pamusoro pezvamaitaura.” Akati, “Gore jena rakadzika ndokukutorai, ndokukutakurai mukaenda.” Vangani vanorangarira ho—hope dzaHama Roy? Zvino akati, “Gore jena iri rakakutakurai,” akati, “zvadar makabva

maenda. Ndakafamba nemumigwagwa, ndichidanidzira nekuchema.”

²⁷⁵ Pandakabuda kuuya kuno, zvino ruoko rwakare duku rwakaremara, sezvavaiva, vachiverenga izvi. Vakadonhedza hara ndokutanga kuchema pavakandiona ndichiuya kunze ikoko. Handina kunge ndavaona saka vakandiudza hope dzacho. Uye vakati. . . Zvino vaihara. Ndikati. . .

²⁷⁶ “Zvino—zvino makaenda.” Ndokuti, “Ndakafamba mumigwagwa, nekwese, ndichiedza kukuwanai. Ndakatadza kukuwanai, kupi zvako. Ndaidanidzira, ‘O, Hama Branham, musaenda!’” Vakati, “Gore jena rakauya ndokukutorai, rikakubvisai pakati pedu, kuenda kumadokero.” Ndepaya piramidhi isati yavapo kana chimwe chinhu. Vakati, “Rakaenda nemi rakananga kumadokero. Zvino ndakachema, ndikafamba nemumigwagwa.”

²⁷⁷ Akati, “Mushure mechinguva ndakaenda ndikanogara patafura. Ndakaerekana ndatarisa kumusoro kwetafura.” Ndokuti, “Ndaingokwanisa kuona kuti chikamu *ichi* chenyu, chaiva chakachena sechando.” Vakati, “Maiva makamira ipapo.” Ndokuti, “Makataura nesimba. Panga pasina kufungidzira pazviri.” Vakati, “Munhu wese akanzwisisa chaizvo zvamakataura.”

²⁷⁸ Oh, hama yangu, hanzvadzi, zvino, mumwe nemumwe wenyu akapepuka, ndinoziva zvazvinoreva. Maona?

²⁷⁹ Chingotarisa! Rambai muri pedyo naKristu. Regai ndikuyambirei zvino, semushumiri weEvhangeri, pamusoro peizvi. Musatora hupenzi hwechii zvacho. Musafungidzira chero chinhu. Ramba uripo kusvikira mukati memukati umu maroverwa hoko kuShoko, kuti uri muna Kristu, nekuti ndicho chinhu chega chiri kuzo. . . Nekuti, tiri muzera rine hunyengeri hukuru ratati tamborarama mariri. “Zvaizonyengera Vasanangurwa dai zvaibvira,” nekuti vane chizoro, vanogona kuita chero chinhu sevamwe vavo vese.

²⁸⁰ Chenesai hupenyu hwenyu. Bhadharai zvikwereti zvenyu. “Usave nechikwereti nemunhu,” Jesu wakadaro. Zvino, zvino, ndinorevera, rendi yemba nezvimwe, unofanira kuzviita. Bvisa zvinhu zvese kubva pamaoko ako. Gadzirisa zvinhu zvese. Gadzirisa. Gadzirira. Rangarira, nemuZita raJehovha, chimwe chinhu chiri kuzoitika.

²⁸¹ Ndiri kuenda kumakomo vhiki ino, kwete kuti kunovhima tsindi kwazvo; hongu, ndinofarira kuvhima tsindi. Asi ndiri kuenda ikoko nokuda kwechinangwa ichi, kuti, “O Mwari, handizive kuti ndofamba nenzira ipi, uye handidi kupotsa izvi. Ndibatsirei.”

²⁸² Imi ndinamatirei. Muchadaro here? Ndichange ndichikunamatirai. Ndinotarisa, netsitsi dzaMwari, kuti

ndichasangana nemumwe-nemumwe wenyu, uye tinosangana muNyika iri nane pane iyi pano.

283 Zvino tiri kuireyi pano? Tiri kuitei? Tiri kuuya pano, kuzoitamba here? Tiri kuuya pano, kuzosangana sekirabhu here? Kuti, Kristu haagone kuuya kusvikira Kereke yanyatsa kukwana. Akatimirira. Ndinotenda kuti tiri kumagumo.

284 Tarisai, kuCalifornia. Tarisai mhirizhonga. Tarisai vanhu gumi nepfumbamwe vakauraiwa, rusaruraganda. Handina kukuudzai here, pano nguva shoma yapfuura, kuti Martin Luther King aizotungamira vanhu vake pakuuraiwa kukuru? Vangani vanozvirangarira? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Havasi vanhu ivavo vechitema; vatungamiri ivavo vanovasvokosva. Hakusi kubatana kwemarudzi, kusaruraganda, uye chero zvavanoda kuzvidana; ndidhiyabhorosi. Ndizvozvo. Kwete kuvachena bedzi, vatema; ndivo vese. Ndidhiyabhorosi.

285 Pfungwa nemafungiro evanhu zvaderera. Hapana tariro. Zvapfuurira tariro. Chinhu chacho chese changova chironda chinonhuwa. Pfungwa dzevanhu; havagone kuita sarudzo.

286 Handisi munhu wezvematongerwo enyika. Handisi, kunyange weDemocrat kana Republican. Vese vakaora. Ndiri weHumambo humwe chete, uye ndiwo humambo hwaJesu Kristu. Ndizvo zvega. Asi zvingamboitika sei panyika kuti unoona boka remidhori yakaita seyatinayo kumusoro uko zvino, seboka revekuTexas ratiinano umu? “Sei,” vanoti, “chero zvinodiwa nevanhu! Kana vachida chicomunisti, tichavapa chicomunisti. Kana vachida zvekubatana kwemarudzi, tichavapa zvekubatana kwemarudzi. Vanoda rusaruraganda, tinopa chero.” Zvaka . . . Munhu aripiko?

287 O Mwari! Zvakaita sepurupiti. Aripo murume, murume ari murume, anomira nemurawu? Varipi madzimai anomira nemurawu? Iripo chechi inomira nemurawu? Handina nguva ipi zvayo kumweya wakarenguka, wakaregedzeka, unorerutsa. Mukadzi mukadzi, ngaave mudzimai kwaye. Kana murume ari murume, ngaave murume chaiye.

288 Kana ari mutungamiri wenyika . . . Ko vanaJohn Quincy Adams vedu varipi? Varipi vanaAbraham Lincoln vedu, varume vemirawu? Varipi vanaPatrick Henry vedu, akati, “Ndipei rusununguko kana kuti ndipei rufu?”

289 Aripo murume anomirira zvakanaka? Aripo murume asingatyete kutaura pachena? Zvisinei, kuti nyika yese inopesana naye, achitaura pachena izvo zvakanaka; omira nazvo ozvifira. Aripo Arnold von Winkelried vedu zvakare nhasi? Varipi varume vanoremekedzwa? Varipi varume vane mwewa? Vakaisvoreruka nekunanauka kusvikira havazive pavakamira.

290 Mwari, ndiitei ndimire nedzidziso yeMunhu mumwe chete, semushumairi, Shoko raJesu Kristu. “Nokuti matenga nenyika

zvichapfuura, asi haRisi kuzokundika. PaDombo iri Ndichavaka Kereke yaNgu; masuwo egehena haazoikuriri.”

Ngatisimukei.

Ngachiropafadzwe chisungo chinobatanidza
Moyo yedu murudo rweChikristu;
Kuyanana kwepfungwa dzakafanana
Kwakaita seuko kweKumusoro.

Zvino batanai maoko mumwe nemumwe.


Kana toparadzana,
Zvinotirwadza mukati;
Asi ticharamba takabatana mumoyo,
Totarisira kusangana zvakare.

Kusvika tionane! kusvika tionane!
Kusvika tionane patsoka dzaJesu;
Kusvika tionane! kusvika tionane!
Mwari ave nemi kusvika tionanezve!

²⁹¹ Ngatikotamisei misoro yedu zvino, Hama Neville vachitiparadzanisa, neshoko remunamato.

²⁹² Dzokai manheru ano, zvino. Tiri kutarisira shumiro huru manheru ano, pano patabhenakeri. Mwari vakuropafadzei. Uye ndinamatireiwo; ndichakunamatirai.

²⁹³ Musafunge kuti ndiri mupengo, shamwari. Musafunge kuti ndiri kuedza kusandudzira chimwe chinhu kwamuri. Ndinokudai. Zvino ndine dzidziso, ndiro Bhaibheri. Hapana Shoko rimwe chete rinogona kubviswa maRiri. Hapana shoko rimwe chete rinogona kuwedzerwa kwaRiri. Uye ndinoRitenda nenzira yaRakanyorwa nayo.

²⁹⁴ Ngatikotamisei misoro yedu zvino, uye mufudzi wedu akatendeka, akanaka aparadzanise ungoro. Mwari vakuropafadzei, Hama Neville. 

UYE VASINGAZVIZIVE SHO65-0815
(And Knoweth It Not)

Mharidzo iyi naHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 15 Nyamavhuvhu, 1965, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org